ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№157 (23.565) ● 2017 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 17, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Щытыкіэм щыгъуазэ зещі



Путин Владимир Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий телефонкІэ къепсэльащ икІи щыгъуазэ зишІащ къыхэзрымыкІуэ щытыкІэ къыщыхъуа щІыпІэм и Іуэху зыІутым.

ПРЕЗИДЕНТЫМ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІхэм къалэн хащищІащ къалэм и инфраструктурэр икІэщІыпІэкІэ зэфІэгъэувэжынымрэ щІыхъэм зыхуей дэІэпыкъуныгъэ ятынымрэ хуэгъэза лэжьыгъэхэм адэкІи пащэну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Іуащхьэмахуэ щІынальэм хьихьэ Тырныауэ къалэм щыщхьэуІум и 14-м ятІэпс къыдэуащ, къыкІэлыкІуэ махуэми ар къехащ. Абы Бахьсэн псым щыщ Іыхьэр Іуищ1ащ икІи псыр къыдэкІуейуэ хуежьащ. Къалэм псыдзэ къыщІэуэнкІэ шынагъуэ зэрыщІэным къыхэкІыу щІыхъ щиплІ а щІыпІэм кърагъэІэпхъуКІащ. ЩІынальэм щыІэ щытыкІэм кІэлъыпЪ Іэщ1ащ1эм къызэральитэмкІэ, ятІэпс иджыри къехынкІэ шынагъуэ щІыІэщ.

Къалэм и уэрам щхьэхуэхэм транспортыр пІалъэкІэ зэрыщызекІуэр

Нобэ, шыщхьэуІум и 17-м, Налшык къалэм Мэлбахъуэм и цІэкІэ щыІэ уэрамым щыщу Кировым и уэрамымрэ Осетинскэ уэрамымрэ я зэхуакум хуэзэ автомобиль гъэзугущІэр къызэрызэІуахым къыхэкІыу пщэдджыжьыр сыхьэти 8-м щегъэжьауэ Іуэхур зэфІэкІыху транспортыр щызэрагъэкІуэнукъым Мэлбахъуэм и уэрамым щыщу Осетинскэ уэрамым щегъэжьауэ Тырныауэ уэрамым - Калюжнэм и уэрамым нэсыху хуэзэ Іыхьэм; Осетинскэ уэрамым щыщу Лениным и уэрамым щегъэжьауэ Ахъуэхъум и уэрамым нэсыху хуэзэ Іыхьэм; ПащІэм и уэрамым щыщу Ахъуэхъум и уэрамым щегъэжьауэ Осетинскэ уэрамым нэс хуэзэ Іыхьэм; Кировым и уэрамым щыщу Щорс и уэрамым щегъэжьауэ Эльбрусскэ уэрамым нэс хьихьэ Іыхьэм; Хмельницкэм и уэрамым щыщу Фучик и уэрамым щегъэжьауэ Пионер уэрамым нэс хуэзэ Іыхьэм; Пионер уэрамым щыщу Хмельницкэм и уэрамым щегъэжьауэ Степанищевым и уэрамым нэс хьихьэ Іыхьэм.

ГъэзугущІэр къыщызэІуах зэманым жылагъуэ транспортым и лэжьыгъэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къызэрагъэпэщынущ:

«Стрелкэ - Хьэсэней» маршрут №1-р, троллейбус маршрутхэу «Горнэ - Стрелкэ» №2-р, «Горнэ - Стрелкэ - ЩхьэлыкІуэ» №2Щ-р Мэлбахъуэм и уэрамым токІри, Калюжнэм и уэрамым - Эльбрусскэ уэрамым - Кировым и уэрамым - Ахъуэхъум и уэрамым - Лениным и уэрамым ирокІуэ, адэкІэ маршрутым тоувэж;

«Фурмановым и уэрам - Хьэсэней» маршрут №10-р, «Лицей №1 - 6-нэ хьэблэр» маршрут №11-р, «Лицей №1 - 5-нэ хьэблэ» маршрут №11А-р, «Аэропорт - Хьэсэней» маршрут №17-р, «ЕтІуанэ Промышленнэ дэкІыпІэ - Матросовым и уэрам» маршрут №14-р, «Ябэ Промышленнэ дэкІыпІэ - 6-нэ хьэблэ» маршрут №14А-р Идарым и уэрамым токІри, Тырныауэ уэрамым - Калюжнэм и уэрамым - Эльбрусскэ уэрамым - Кировым и уэрамым - Ахъуэхъум и уэрамым - ПащІэм и уэрамым ирокІуэ, адэкІэ маршрутым тоувэж;

«Севернэ хьэблэ - 6-нэ хьэблэ» маршрут №19-р Идарым и уэрамым токІри, Тырныауэ уэрамым - Калюжнэм и уэрамым - Эльбрусскэ уэрамым - Кировым и уэрамым - Ахъуэхъум и уэрамым - Лениным и уэрамым ирокІуэ, адэкІэ маршрутым тоувэж;

«ЩхьэантІагъэхэр зыгъэкІ къалэ хозяйствэ - Белэ Речкэ» маршрут №25-р Пионер уэрамым токІри, Степанищевым и уэрамым - Эльбрусскэ уэрамым - Кировым и уэрамым - Ахъуэхъум и уэрамым - ПащІэм и уэрамым ирокІуэ, адэкІэ маршрутым тоувэж.

Налшык къалэм и щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Мы махуэхэм

Щышхьэуіум и 17, *махуэку*

♦Индонезие Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ

♦1771 гъэм Екатеринэ ЕтІуанэм и указкІэ Къэбэрдей Щыхъуэ Щытхъу тхылъ къыратащ.

♦1812 гъэм пащтыхь Александр Еэанэм урысыдзэм и командующэ нэхъыщхьэу игъэуващ Кутузов Михаил.

♦1903 гъэм Пулитцер Джозеф игъэуващ и цІэр зезыхьэ саугъэт, литературэм, журналистикэм, музыкэм, театрым ехъулІэныгъэщхьэхэр къыщызыхьэм иратыну. Иджыпсту ар саугъэт нэхъ лъапІэхэм щыхабжэ США-м.

♦1928 гъэм Москва «Динамо» стадионыр къыщызэІуахащ.

♦1934 гъэм СССР-м и ТхакІуэхэм я зэгурыкІныгъэм и ялэ съвэдыр зэхэтащ.

♦1961 гъэм СССР-м къыщызэрагъэпэщащ граждан зыхъумэжныныгъэмкІэ Іэнатіэр.

♦1977 гъэм «Арктика» совет мылькъутэ кхъухьыр, зы къэралми апхуэдэ хуэзэІэмыкІауэ, ЩІым и Ищхьэрэ полюсым ябэу нэсащ.

♦1988 гъэм Ныкъуэдыкъуэхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦Дунейпсо гроссмейстер, дунейм шахматымкІэ и чемпион **Ботвинник Михаил** къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэхэр, Мысырым щыщ адыгэлІ, мамырыгъэр хуэмэныкІэ Дунейпсо саугъэтым и лауреат **Хъалид (Жэмбей) Мухьэдин** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, КъШР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик **Абдокъуэ Станислав** илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Куэш Мырзэбэч** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщыІтымкІ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщІешхьыну. Хуабэр махуэм градус 23 - 29-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

Щышхьэуіум и 18, *мэрем*

♦Азербайджанымрэ Къазахъстанымрэ щагъэлъапІэ Гъунапкъэхъыумэ дзэхэм я махуэр

♦Таджикистаным и медицинэ лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦Латвием и къалащхьэ Риг и махуэщ

♦Дрезден къалэм (Германие) и махуэщ

♦1682 гъэм Урысей Пащтыхьыгъуэм и тет хуэщ Пётр Езанэр.

♦1782 гъэм Санкт-Петербург къыщыщІэуахащ Пётр Езанэм и фэеплъыр (иужьрэ къигъэзэпащ «Гъуаплъэм къыхэщІыкІа щууей» зыфІащар)

♦1787 гъэм Урысейм щыгъэзэ рабочэхэм я демонстрацэ щекІуэкІащ Санкт-Петербург. Пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтІуанэм хуэтхъэусыхэну къызэхуэсат ухуакІуэ 400.

♦1845 гъэм къызэрагъэпэщащ Урыс географие зэгухьэныгъэр.

♦1900 гъэм урыс инженер Перский Константин ябэу къигъэзэпащ «телевидение» псальэр.

♦1920 гъэм США-м и конституцэм зэхъуэкІыныгъэ хальхьащ, щІыхьбзэкми Іэ яІэтыну зэрыхуитыр къыщыгъэльэгъуауэ.

♦1941 гъэм КъБР-м тхьэмахуэ щІыхьэху щекІуэкІащ. Абы хэтахэм къалэжьа сыткІэ ядэІэпыкъун хуейми зэхагъэкІын мурадкІэ, унэ нэхъ гъунэгъуэхр къызэхакІухьащ. Апхуэдэуи Іэщ1ащ1эліхэр Герхожан псынащхьэм щыкІэлъоплъ щытыкІэр зыхуэдэмрэ абы зихъуэжьыкІэ зэрыхъунумрэ.

КІуэкІуэ Юрий щІэупщІащ щІыуэпс къэхъуакъащІэр аргуэру къалэм зэран хуэхъунымкІэ щыІэ щынагъуэхэм. Высокогорнэ геофизикэ институтым и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыщхьэ **Докукин Михаил** жиІащ псори зэлъытар, къапщтэмэ, кърихьэхынкІэ хъуну ятІэпсым и куэдагъыр зэрыраР, ауэ зэрыхуагъэфащэмкІэ, къехам хуэдиз щыІэн хуейкъым, абы щхьэкІэ къахуэгъэзэбгэн Іэмал псомкІи йолэжь.

Докукиным дыщІигъуащ ятІэпс зэтрихьар кубометр мин 300-м нэблагъэ зэрыхъур, метри 7 зи куууагъ кІэнауэм хуиту мы зэманым метри 2 фІэкІа зэрымыІэкІыр.

КъБР-м и Іэтащхьэм ятІэпс къалэну игъэуваща я къару зэхалъхьэу зэман кІэщІым кІэнауэм ятІэпсыр къыдагъэкъабзэкІыжьын хуейуэ.

- Псоми гу зэрыльыфтэщи, Іуэхум ущыхуэхьэзырым деж къэхъугъэ нэхъ шынагъуэми упэщІотыф. ЯтІэпсыр зыдэкІыну кІэнауэр дымыгъэхьэзырамэ, 2000 гъэм цІыхухэм я нэгу щІэкІа гъэзвэгъуэм ноби къытригъэзэжыну. Пэжращи, абы къалэр къригъэлауэ жыпІэ хъунущ. Къэхъунур зыми ищІэркъым, ауэ дыхуэхьэзырын хуейщ псоми. Ди Іэмалхэр хуримыкъунумэ, УФ-м и МЧС-м, ди гъунэгъу щІынальэхэм зауэхуэдгъэзэнщ, ауэ, сызэрелъпІымкІэ, мы Іуэхум ди къарукІэ дыпэлъэщын хуейщ, дэтхэнэри и къалэным жэуапІыныгъэ хэлъу бгъэдыхьэмэ, - жиІащ КІуэкІуэм.

КъБР-м и Іэтащхьэр щхьэхуэу къытеувыІащ шынагъуэ къэхъумэ щІыхухэр пІалъэкІэ щыпсэунур егупсысауэ къыхахын зэрыхуейм, абыхэм щытыншын хуэдэу. КІуэкІуэм Іуащхьэмахуэ районым и щІыпІэ администрацэмк, КъБР-м и МЧС-ми, республикэ унафэщІхэми фІыщІэ яхуищІащ, щІыху хэмыкІуэдэн хуэдэу Іэхуэхэр къызэрызэрагъэпэщам папщІэ.

БАГЪЭТЫР Луиз.

Щыху зэрыхэмыкІуэдарщ нэхъыщхьэр

● Дыгъуасэ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ еплъащ Герхожан псыщхьэм къыщежьэу Тырныауэ къалэм дэлъэда ятІэпсым и Іэужьыр гъэкІуэдыным зэрелэжьымрэ щытыкІэр зыхуэдэмрэ.

ІУАЩХЬЭМАХУЭ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Залиханов Къанщобий** зэрыжиІамкІэ, псыр кьиуа нэужь, къалэм зы километррэ ныкъуэкІэ дэлъадэри, фэтэр куэду зэтет унитІым щІэлъэдащ. Абы къыхэкІащ щыху 425-рэ я унэхэм къыщІагъэІэпхъуКІыныр.

- Герхожан псынащхьэм къыщыщІидзэу дгъэбзада кІэнауэр махуитІым и кІуэцІкІэ пэлъэщащ мывэрэ ятІэрэ хэлъу кьрихьэх псы уэрым. Гъэзвэгъуэр нэхъ зылъэІэсынкІэ хъуну, фэтэр куэду зэтет унихьм щІэсхэр пІалъэкІэ здэщыІэн дгъэхьэзырат, ауэ аэр къэдгъэсэбэпын хуей хьуакъым, щыхуэр я благъэ-Іыхьлыхэм екІуалІэри, пщэдджыжьым я унэхэм ягъэзэжащ.

Шыщхьэуіум и 16-м сыхьэти 5-м щегъэжьауэ ятІэпсыр къалэм къыдэмыльадэу Бахьсэнпис зэрыхагъэхуэжьын псыжапІэр яГъэхъэзыращ машинэ хьэлъэзешхэм. А Іуэхум техникэу 9, КъБР-м и МЧС-м и лэжьакІуэу 350-рэ, Терскол жылэм и бгы къеГъэлакІуэу 25-рэ, полицэм и лэжьакІуэхэр хэтащ.

КъБР-м и МЧС-м и пресс-Іэнатіэм и унафэщІ **Бер Кьантемыр** къыздыжьІамкІэ, Іуэхущ1апІэм и машинэхэмкІэ дыгъуасэ пщэдджыжьым къыщыщІидзэуэ яГъэхъэбзащ псыежэхым щызэтрихьа кІэрыхуубжьэрыхуэхэр пхъэдакъэжьхэмрэ, къалэм щыпсэухэм сыткІэ ядэІэпыкъун хуейми зэхагъэкІын мурадкІэ, унэ нэхъ гъунэгъуэхр къызэхакІухьащ. Апхуэдэуи Іэщ1ащ1эліхэр Герхожан псынащхьэм щыкІэлъоплъ щытыкІэр зыхуэдэмрэ абы зихъуэжьыкІэ зэрыхъунумрэ.

КІуэкІуэ Юрий щІэупщІащ щІыуэпс къэхъуакъащІэр аргуэру къалэм зэран хуэхъунымкІэ щыІэ щынагъуэхэм. Высокогорнэ геофизикэ институтым и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыщхьэ **Докукин Михаил** жиІащ псори зэлъытар, къапщтэмэ, кърихьэхынкІэ хъуну ятІэпсым и куэдагъыр зэрыраР, ауэ зэрыхуагъэфащэмкІэ, къехам хуэдиз щыІэн хуейкъым, абы щхьэкІэ къахуэгъэзэбгэн Іэмал псомкІи йолэжь.

Докукиным дыщІигъуащ ятІэпс зэтрихьар кубометр мин 300-м нэблагъэ зэрыхъур, метри 7 зи куууагъ кІэнауэм хуиту мы зэманым метри 2 фІэкІа зэрымыІэкІыр.

КъБР-м и Іэтащхьэм ятІэпс къалэну игъэуваща я къару зэхалъхьэу зэман кІэщІым кІэнауэм ятІэпсыр къыдагъэкъабзэкІыжьын хуейуэ.

- Псоми гу зэрыльыфтэщи, Іуэхум ущыхуэхьэзырым деж къэхъугъэ нэхъ шынагъуэми упэщІотыф. ЯтІэпсыр зыдэкІыну кІэнауэр дымыгъэхьэзырамэ, 2000 гъэм цІыхухэм я нэгу щІэкІа гъэзвэгъуэм ноби къытригъэзэжыну. Пэжращи, абы къалэр къригъэлауэ жыпІэ хъунущ. Къэхъунур зыми ищІэркъым, ауэ дыхуэхьэзырын хуейщ псоми. Ди Іэмалхэр хуримыкъунумэ, УФ-м и МЧС-м, ди гъунэгъу щІынальэхэм зауэхуэдгъэзэнщ, ауэ, сызэрелъпІымкІэ, мы Іуэхум ди къарукІэ дыпэлъэщын хуейщ, дэтхэнэри и къалэным жэуапІыныгъэ хэлъу бгъэдыхьэмэ, - жиІащ КІуэкІуэм.

КъБР-м и Іэтащхьэр щхьэхуэу къытеувыІащ шынагъуэ къэхъумэ щІыхухэр пІалъэкІэ щыпсэунур егупсысауэ къыхахын зэрыхуейм, абыхэм щытыншын хуэдэу. КІуэкІуэм Іуащхьэмахуэ районым и щІыпІэ администрацэмк, КъБР-м и МЧС-ми, республикэ унафэщІхэми фІыщІэ яхуищІащ, щІыху хэмыкІуэдэн хуэдэу Іэхуэхэр къызэрызэрагъэпэщам папщІэ.

БАГЪЭТЫР Луиз.

Магомаев Муслим къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ актёр, режиссёр, продюсер, «Оскар» саугъэтыр зыхуагъэфащэ **Роберт де Ниро** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, КъШР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик **Абдокъуэ Станислав** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Куэш Мырзэбэч** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщыІтымкІ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщІешхьыну. Хуабэр махуэм градус 23 - 29-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

Щышхьэуіум и 18, *мэрем*

♦Азербайджанымрэ Къазахъстанымрэ щагъэлъапІэ Гъунапкъэхъыумэ дзэхэм я махуэр

♦Таджикистаным и медицинэ лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦Латвием и къалащхьэ Риг и махуэщ

♦Дрезден къалэм (Германие) и махуэщ

♦1682 гъэм Урысей Пащтыхьыгъуэм и тет хуэщ Пётр Езанэр.

♦1782 гъэм Санкт-Петербург къыщыщІэуахащ Пётр Езанэм и фэеплъыр (иужьрэ къигъэзэпащ «Гъуаплъэм къыхэщІыкІа щууей» зыфІащар)

♦1787 гъэм Урысейм щыгъэзэ рабочэхэм я демонстрацэ щекІуэкІащ Санкт-Петербург. Пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтІуанэм хуэтхъэусыхэну къызэхуэсат ухуакІуэ 400.

♦1845 гъэм къызэрагъэпэщащ Урыс географие зэгухьэныгъэр.

♦1900 гъэм урыс инженер Перский Константин ябэу къигъэзэпащ «телевидение» псальэр.

♦1920 гъэм США-м и конституцэм зэхъуэкІыныгъэ хальхьащ, щІыхьбзэкми Іэ яІэтыну зэрыхуитыр къыщыгъэльэгъуауэ.

♦1941 гъэм КъБР-м тхьэмахуэ щІыхьэху щекІуэкІащ. Абы хэтахэм къалэжьа сыткІэ ядэІэпыкъун хуейми зэхагъэкІын мурадкІэ, унэ нэхъ гъунэгъуэхр къызэхакІухьащ. Апхуэдэуи Іэщ1ащ1эліхэр Герхожан псынащхьэм щыкІэлъоплъ щытыкІэр зыхуэдэмрэ абы зихъуэжьыкІэ зэрыхъунумрэ.

КІуэкІуэ Юрий щІэупщІащ щІыуэпс къэхъуакъащІэр аргуэру къалэм зэран хуэхъунымкІэ щыІэ щынагъуэхэм. Высокогорнэ геофизикэ институтым и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыщхьэ **Докукин Михаил** жиІащ псори зэлъытар, къапщтэмэ, кърихьэхынкІэ хъуну ятІэпсым и куэдагъыр зэрыраР, ауэ зэрыхуагъэфащэмкІэ, къехам хуэдиз щыІэн хуейкъым, абы щхьэкІэ къахуэгъэзэбгэн Іэмал псомкІи йолэжь.

Докукиным дыщІигъуащ ятІэпс зэтрихьар кубометр мин 300-м нэблагъэ зэрыхъур, метри 7 зи куууагъ кІэнауэм хуиту мы зэманым метри 2 фІэкІа зэрымыІэкІыр.

КъБР-м и Іэтащхьэм ятІэпс къалэну игъэуваща я къару зэхалъхьэу зэман кІэщІым кІэнауэм ятІэпсыр къыдагъэкъабзэкІыжьын хуейуэ.

- Псоми гу зэрыльыфтэщи, Іуэхум ущыхуэхьэзырым деж къэхъугъэ нэхъ шынагъуэми упэщІотыф. ЯтІэпсыр зыдэкІыну кІэнауэр дымыгъэхьэзырамэ, 2000 гъэм цІыхухэм я нэгу щІэкІа гъэзвэгъуэм ноби къытригъэзэжыну. Пэжращи, абы къалэр къригъэлауэ жыпІэ хъунущ. Къэхъунур зыми ищІэркъым, ауэ дыхуэхьэзырын хуейщ псоми. Ди Іэмалхэр хуримыкъунумэ, УФ-м и МЧС-м, ди гъунэгъу щІынальэхэм зауэхуэдгъэзэнщ, ауэ, сызэрелъпІымкІэ, мы Іуэхум ди къарукІэ дыпэлъэщын хуейщ, дэтхэнэри и къалэным жэуапІыныгъэ хэлъу бгъэдыхьэмэ, - жиІащ КІуэкІуэм.

КъБР-м и Іэтащхьэр щхьэхуэу къытеувыІащ шынагъуэ къэхъумэ щІыхухэр пІалъэкІэ щыпсэунур егупсысауэ къыхахын зэрыхуейм, абыхэм щытыншын хуэдэу. КІуэкІуэм Іуащхьэмахуэ районым и щІыпІэ администрацэмк, КъБР-м и МЧС-ми, республикэ унафэщІхэми фІыщІэ яхуищІащ, щІыху хэмыкІуэдэн хуэдэу Іэхуэхэр къызэрызэрагъэпэщам папщІэ.

БАГЪЭТЫР Луиз.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Герхожан псым кьилъэс ятІэр кьрихьэхыу зэрыхуежьам икІи абы Бахьсэн псыр зэрыуищІэм, Тырныауэ къалэм Іуащхьэмахуэ, Бахьсэн районхэм хьихьэ жылагъуэхэу ищхьэрэкІэ щыІэхэмрэ псыр ящІэуэнкІэ щынагъуэ зэрыщІэным къыхэкІыу, «Щыхуэхэмрэ щІынальэхэмрэ щІыуэпсым и кхъухьукъащІэхэм, техникэр къызэрагъэсэбэпым къадэкІуа къызэрымыкІуэ щытыкІэхэм ящыхъуэмэным и Іуэхукіэ» Федеральнэ законым, «Къызэрымыкіуэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэкІуэдыжьныinjкІэ къэрал системэ зэгуэтым теухуауэ» 2003 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м Урысей Федерацэм и Правительствэм къищта Унафэ №794-м, «ЩІыуэпсым и кхъухьукъащІэхэр, техникэр къызэрагъэсэбэпын пыщІа къызэрымыкІуэ щытыкІэхэм я классификацэм и Іуэхукіэ» 2007 гъэм накъыгъэм и 21-м Урысей Федерацэм и Правительствэм къыдигъэкІа Унафэ №334-м я пкъ иткІэ:

1. Къызэрымыкіуэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэкІуэдыжьныinjкІэ къэрал системэ зэгуэтым и Къэбэрдей-Балъкъэр системэ къуэдзэм и къарухэмрэ Іэмалхэмрэ пащІэ Іуащхьэмахуэ районым щыщ Тырныауэ къалэм и щІынальэм къызэрымыкІуэ щытыкІэм и хабзэр щыгъэувын 2017 гъэм шыщхьэуІум и 16-м сыхьэт 00-рэ дакъикъэ 20-м щегъэжьауэ.

2. Къызэрымыкіуэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэкІуэдыжьныinjкІэ къэрал системэ зэгуэтым и Къэбэрдей-Балъкъэр системэ къуэдзэм и къарухэмрэ Іэмалхэмрэ папщІэ щІынальэ щытыкІэм и хабзэр гъэувын.

3. Къызэрымыкіуэ щытыкІэм и лъэужьхэр гъэкІуэдыжьныinjкІэ лжьыгъэхэм я унафэщІу гъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къызэрымыкІуэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэкІуэдыжьныinjкІэ, мафІэс шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщынымкІэ и комиссэм и унафэщІ Бэлэтокъуэ В. Хь.

4. Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжныгъэм и Іуэхухэмкіэ, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ, къэхъуа гъэзвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжынымкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэм чэнджэщ етын:

къызэрымыкІуэ щытыкІэхэм я лъэужьхэр гъэкІуэдыжьныinjкІэ ведомствэхэм зздай оперативнэ штабым и лэжьыгъэр къызэригъэпэщыну;

фІэкІыпІэ зимыІэ пІэщІэгъуэ лэжьыгъэхэр егъэкІуэкІыным пыщІа къарухэмрэ Іэмалхэмрэ я зэфІэкІыр зэригъэуІуну.

5. «Гидрометеорологиемрэ дыкъэзыуХурехь дунейм кІэлъыплъыныinjкІэ Кавказ Ищхьэрэ управленэ» федеральнэ къэрал бюджет Іэхуэщ1апІэм и къудамэм - Гидрометеорологиемрэ дыкъэзыуХурехь дунейм кІэлъыплъыныinjкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр центрым чэнджэщ етын Тырныауэ къалэм хиубыдэу Бахьсэн псым и щытыкІэм кІэлъыплъыныр къызэригъэпэщыну икІи, хуей хьумэ, гидрологие Іэнатіэщ1эхэр къызэІуахыным теухуа Іэхху къиІэтыну.

6. Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэм чэнджэщ етын къызэрымыкІуэ щытыкІэм и хабзэр щагъэува щІыпІэмрэ лей зытехьа щІыхухэр пІалъэкІэ здэщыІэ щІыпІэхэмрэ жылагъуэ хабзэр хъумэныр къыщыщІэзэригъэпэщыну.

7. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ, гъэзугу хозяйствэмкіэ и министерствэм хуэгъэувын Бахьсэн псым и лъэгур яГъэкъабзэн папщІэ зыхуеину инженер техникэр къызэрагъэпэщыinjмкІэ зыхуеинухэм хэпІэну.

8. Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІынальэ администрацэм чэнджэщ етын:

щІыхухэр гъэІэпхъуэным пыщІа Іуэхухэр зэфІигъэкІыну;

лей зытехьа щІыхухэр пІалъэкІэ здэщыІэну щІыпІэхэр иубзыхуну икІи ахэр шхын хуабэкІэ къызэригъэпэщыну;

къызэрымыкІуэ щытыкІэм и лъэужьхэр гъэзэкІуэжынымкІэ муниципальнэ ахъшэ, мылъку гъэтІылъыгъэхэр зыхуэдизыр щІипщытыкІыжьыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм шыщхьэуІум и 16-м
№88-РГ

● Дыгъуасэ

Шаваевэ Разият хах

Налшык Печатым и унэм дыгъуасэ щекІуэкІащ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и пленум. Абы щытепсэльыхьащ творческэ зэгухьэныгъэм мы зэманым къыпэщылъ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм. Ар къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ а зэгухьэныгъэм и правленэм хэт, «Советская молодежь» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къардэн Мухьэмэд.

ПЛЕНУМЫМ кърихьэлІахэр псом япэу зытепсэльыхьар КъБР-м и журналистхэм я пашэу илъэс куэдкІэ лэжьа Мэзыхьэ Борис мы зэманым и уэзыншагъэм къызэрымыхьым кІуэкІыу а къаланыр иджыпсту зэримыГъэзэщІэфырщ. Абы къыхэкІыу зэгухьэныгъэм и унафэщІым и къаланэхэр пІалъэкІэ игъэзэщІэну пщэрылъ хуащІащ Мэзыхьэм и Іуэхудзэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Шаваевэ Разият.

- КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэр гъэлэжьэным пыщІа Іуэхухэр Мэзыхьэ Борис хуэдэу къызыхуэтыншэу, хьэлэлу зэфІэзыгъэкІа щымыІами ярейщ, - къыхигъэщащ журналист цІэрыІуэ Вэрокъуэ Владимир къыщыпсалъэм. - Пленумым къыщыхэслъхьэну сыхуейт мыпхуэдэ Іуэху: УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм зыхуэдвгъэгъаэз Мэзыхьэм, и узыншагъэр зэтеувжьыху, стипендие щхьэхуэ хуагъэуву ар мазэ къэс къратыну. Апхуэдэу сфІэтэмэщ Борис КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм щІыхь зиІэ и ІэщІагъэлІу хэдгъэхьэну.

Вэрокъуэм къыхилъхьа жэрдэмыр даІыгъыу зэхуэсым къыщыпсэльащ «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ Аттаев Жэмал, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и лэжьакІуэ Моттаевэ Светланэ, нэгуэщІхэри. Апхуэдэу зэхуэсым кърихьэлІахэр ехъулъхуауэ Шаваевэм икІи жалащ а къаланэр абы ныкъусаныгъэншэу зэрыкъэзрихьэнум шэч къыззэрытрамыхьэри.

КъыкІэлъыкІуэу пленумым хэтахэр хэпІащ зэгухьэныгъэм и правленэм хэтхэм я спискэм. НэгъуэщІ Іэнатіэ зэрыкІуам къыхэкІыу абы хэкІыжа щыІэти, абыхэм я пІэкІэ правленэм хагъэхащ цІыху зыбжанэ.

ТАМБИЙ Линэ.

Кавказ Ищхъэрэ гъущІ гъуэгум и вокзал комплексхэр къэгъэщІэрэщІэжьым мазиблым къриубыдэу сом мелуани 160-м щІигъу хухахащ

«Урысейм и гъущІ гъуэгухэр» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и инвестицэ программэм хиубыдэу Кавказ Ищхъэрэ дирекцэм и гъущІ гъуэгу вокзалхэр ухуэнымрэ аэр къэгъэщІэрэщІэжьымрэ трагъэкІуэдэн папщІэ сом мелуани 160-м щІигъу хухахащ.

КЪАПЩТЭМЭ, иджыпсту лэжьыгъэшхуэ йокІуэкІ Ростов къалэм и гъущІ гъуэгу вокзал нэхъыщхьэр егъэфІэкІуэным хуэгъэзауэ. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжынымкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэм чэнджэщ етын:

къызэрымыкІуэ щытыкІэхэм я лъэужьхэр гъэкІуэдыжьныinjкІэ ведомствэхэм зздай оперативнэ штабым и лэжьыгъэр къызэригъэпэщыну;

фІэкІыпІэ зимыІэ пІэщІэгъуэ лэжьыгъэхэр егъэкІуэкІыным пыщІа къарухэмрэ Іэмалхэмрэ я зэфІэкІыр зэригъэуІуну.

5. «Гидрометеорологиемрэ дыкъэзыуХурехь дунейм кІэлъыплъыныinjкІэ Кавказ Ищхъэрэ управленэ» федеральнэ къэрал бюджет Іэхуэщ1апІэм и къудамэм - Гидрометеорологиемрэ дыкъэзыуХурехь дунейм кІэлъыплъыныinjкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр центрым чэнджэщ етын Тырныауэ къалэм хиубыдэу Бахьсэн псым и щытыкІэм кІэлъыплъыныр къызэригъэпэщыну икІи, хуей хьумэ, гидрологие Іэнатіэщ1эхэр къызэІуахыным теухуа Іэхху къиІэтыну.

6. Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэм чэнджэщ етын къызэрымыкІуэ щытыкІэм и хабзэр щагъэува щІыпІэмрэ лей зытехьа щІыхухэр пІалъэкІэ здэщыІэ щІыпІэхэмрэ жылагъуэ хабзэр хъумэныр къыщыщІэзэригъэпэщыну.

7. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ, гъэзугу хозяйствэмкіэ и министерствэм хуэгъэувын Бахьсэн псым и лъэгур яГъэкъабзэн папщІэ зыхуеину инженер техникэр къызэрагъэпэщыinjмкІэ зыхуеинухэм хэпІэну.

8. Іуащхьэмахуэ

Насыпым и къежьапІэ

● ДифІ догъэлъапІэ

УФ-м щІэныгъэмрэ техникэмкІэ щІыхь зиІэ и ГъэлъапІэ, химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор МэшыкІуэ Нуралий ящыщщ щІэныгъэшхэр зыбгъэдэлъ лъэпкъ ІэщІагъэлІхэм, ди щІыналъэм и жылагъуэ лэжьакІуэ щІэрыІуэхэм. Егъэджэныгъэгъэсэныгъэ ІэнатІэмрэ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэмрэ илъэс 46-рэ хъуауэ зэдекІ Мэшыкъуэм, ныкъуасаныгъэ хэмылъу, пщІэрэ щІыхьрэ иІэу, и Іуэху зехьэкІэмрэ дуней еплъыкІэхэмрэ куэдым щапхъэ яхуэхъуу. ЩІэныгъэлІ щыпкъэм и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 70 ирикъуащ.

МЭШЫКЪУЭР Дзэлыкъуэ куейм хьыхь Малкэ къуажэм 1947 гъэм и шыщхьэуІум и 13-м къыщалъхуащ. Зи сабиигъуэр зауэ нэужь илъэс хьэлъэхэм ирихьэлІа щІалэ цыкІум псэкІэ зыхимыщІэу ухэна-къым лъэхъэнэм пыщІа гугуъехьхэр, арщхьэкІэ ар къэхъуащ дыкъзэыухъуреихь дунейр, абы и зэхэлъыкІэр фІэхьэлэмэту, цІыхур, гъащІэр фІыуэ илъагъуу. А псоми я къежьапІэр, дауи, ар къыщалъхуа, щалІа, лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ щытепщэ, щІэныгъэм пщІэ щыхуащІ адыгэ унагъуэшхуэр.

- Си сабиигъуэм и гугъу пщІымэ, ар зыхуэбгъадэ хъун щымыІэ зэманщ икІи а лъэхъэнэр щесхьэкІа ди къуажэжьыр сыт щыгъуи си гум илъу сопсэу, - блэкІа жыжьэр игу кьеГъэкІыж Нуралий. - Си нэгу кьыщІохьэж Балтькъ и Іофэм щыдгъэкІуа зэман Іофыр, дыкъыщыхъуа ди адажь лъапсэр. Дэ ар ноби дыбгынэркъым: нэхъыжьхэр дэмысыжми, ди шынэхъыжьым къыщІэна унагъуэм докІуэлІэж. Адажь лъапсэм хуэдэу нэгъуэщІ зы щыпІи си псэм зыщигъэпсэхуркъым...

Мэшыкъуэхэ Иналрэ Серэрэ (ар Къардэнхэ апхъэт) я бынунагъуэшхуэм илъа фІыгъуэ лъапІэхэм ящыщт хабзэр, нэмысыр, зэгурыІуэр. Зэщхьэгъусэхэм щылитку къащІэхъуати, зэгурыІуэ-зэдаІуэжу, пщІэрэ нэмысрэ яку дэлъу яГъэсащ. ЦІыхухъу быныр абы и лъэныкъуэкІэ адэм нэхъ егъэщІылІат. Инал къуажэм дэта мэкъумэш артелыр и Іэмыщ1э илъу щытащ, Серэ колхоз лэжьыгъэм и къару емыблэжу хэта, унагъуэ зехьэнри, сабий пІынри зэдихьу къэгъэуГурыкІуа къуажадэс бэлъысыгъэхэм ящыщщ. Абыхэм яхуэзфІэкІ къафэнакъым зэшхэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ, ІэщІагъэ ирагъэгъуэтын папщІэ. Нуралий зэрыжиІэмкІэ, зэкъуэшхэм я тхьэкІумэм иджыри итщ Инал и ущие псалъэхэр: «ФызэуэлІа дэтхэнэ лэжьыгъэри и кІэм нэсу, тэмэму, Іэкъуэлъакіуэу зэфІэфх. Къыкіэрыхуэхэм зэи захэмыГъахуэ. Пъэпкъыр, ныбжьэгъур вгъэпэж».

Адэм и псалъэхэр гъуэгугъэлъагъуэ зыхуэхъуа Нуралий пэрытныр и мардэу къэтэджащ. Школым щыщеджа илъэсхэм къыщыщІэдзауэ къыкІэрыхуэхэм зэи ящыщакъым ар, уеблэмэ и хьэл-щэнкІи и ешхьэкІэкІи щапхъэу яГъэлъагъуэу къекІуэкІащ. Еджэным къыхьихьэ дэтхэнэ предметыщІэми адрейхэм емыщхь гъэщІэгъуэнагъ зэрыхэлъыр зыхищІэу, абыхэм дахьэхыу еджэрт. 1966 гъэм курыт еджапІэр дыщэ медалкІэ къиуха нэужь, Мэшыкъуэм мурад ищІащ химиемкІэ бгъэдэлъ щІэныгъэм адэкІи хигъахъуэну. Ар лъэпощхьэпоущІэу щІэтІысхьащ Менделеевым и цІэр зэрихьэу Москва дэт Урысей химие-технологие университетым.

- Химиер дджын зэрыщІэддзэу, сэ занщІэу къызгурыІуащ абы хуэдэу хьэлэмэт куэд зыпкърыль, Іэмал куэд къызыкъуэзыхьыфын зэрыщымыІэр, - и Іэщ1агъэр къызэрыхикам топсэльыхь Нуралий. - Ди егъэджакІуэр тщІыгъуу едгъэкІуэкІ химие опытхэр хуабжьу сфІэфІт. ИкІи абы щыгъуэ сэ мурад сщІащ а щІэныгъэм и щхьку куэд къэсхутэну, и зэфІэкІ телъыджэхэм куууэ щыгъуазэ зысщІыну. Кьынэмыщ1ауэ, къуажэмкІэ дыщцІэт зы унагъуэм хуэдэу дызэздэпсэууэ гъунэгъуфІ дыдэ - Мэкіэтіейхэ. Абыхэ я къуэ Абдулыхь а зэманым щеджэт сэ си нэ къызыхуикІ химие еджапІэ нэхъыщхьэмэ, абыи сыт и лъэныкъуэкІи сытригъэгушхуащ а Іэщ1агъэр кьыхэсхьным.

Апхуэдэу Іуэхур къекІуэкІри, щышколакІуэм дзэзыхьэауэ щыта щІэныгъэр Іэщ1агъэ хуэщІ Нуралий. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ зэриІэм щыхьэт техьуэ диплом 1971 гъэм къратыжащ абы икІи и гъащІэм и фІыпІэу къиныкъ илъэсхэм ящыщ куэди а химие къэхутэныгъэхэм тыжь яхуищІащ.

КъыкІэлъыкІуэ илъэситым Нуралий дзэм къулыкъу щищІащ. Офицер щІалэщІэм къалэн лъапІэр щрихьэкІащ Монголиемрэ Забайкальемрэ. 1973 гъэм МэшыкІуэр къэкІуэжащ щалъхуа щІыналъэмкІи икІи абы лъандэрэ КъБКъУ-м щолажьэ. Нуралий куэд дыдэмкІыу игъэхъэзыращ и кандидат лэжьыгъэр. ИужькІэ, 1991 гъэм, щытхъу куэд зыхужаІа, пщІэшхуэ зиІа и доктор диссертацэри утыку кьрихьащ. Мэшыкъуэм и щІэныгъэ лэжьыгъэхэр щІыпхигъэкІар Москвращ, езыр зыщеджа университетырщ.

Нуралий и доктор диссертацэр зытеухуауэ щытар микроевеличество хэхаэр хэлъхьауэ, полимерхэр нэхъ быдэ щІыныРт, абыхэм къыхащІыкІ хьэпшыпхэр нэхъыбэрэ зекІуэн щхьэкІэ. Лъэпкъ Іэщ1агъэлІ гумызагъэм зэфІиха а къэхутэныгъэхэр щІэныгъэм цІэрыІуэ зэрыщыхьуам и мызакъуэу, апхуэдэ хьэпшыпхэр къыщІэзыгъэкІ заводхэм я лжьыгъэм куууэ къыщагъэсэбэп хъуащ зэман кІэщІым къэриубыдэу. ЩІэныгъэ тхыгъэ, теорие къудей мыхъуу, ди республикэм щыІэ «Техноприбор» заводым, Калугэ областым хьыхьэ Обниинск кьалэм дэт химие предприятэм я лэжьыгъэм хапщауэ икІи екъуІэкІ-ныгъэфІхэр иІэу къыщагъэсэбэп технологиещ ар. Химием иІэ апхуэдэ Іэмалхэм тещІыхьащ Ставрополь крайм и фирмэ нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщ «Агропак» Іуэхуэщ1апІэм и лэжьыгъэри. А Іуэхуэщ1апІэхэм Мэшыкъуэр я техникэ унафэщІу щытащ, чэнджэщгъуэфІу яІащ ноби.

- Иджыпсту дызэлажь полимерхэм ябгъэдэлъ фІагъэрэ быдагъкІэ кьалъэщІыхьэн Европэ псом зэкІэ щыІэкъым, - жеІэ Мэшыкъуэм. - Ахэр къэбгъэсэбэпмэ, мэкъумэш къэкІыгъэхэр дунейм и къэхъуакъщІэхэм хуиту щыпхъумэфынущ. Абыхэм ехьэлІа къэхутэныгъэ куэд ди кафедрэм щызэфІыдох.

Мэшыкъуэм бгъэдэлъ зэфІэкІ Ілагъэхэм теухуауэ ди лэжьыгъэхэр къыхужиІащ дунейпсо цІэрыІуагъ зиІэ щІэныгъэлІ, академикышхуэ Гладышев Георгий. Езым унэтІакІуэу иІа а еджагъэшхэм и щапхъэм тету, Нуралий гурэ псэкІэ ядолажьэ щІэныгъэм япэ лъэбакъуэр щызыІ щІалэгъуалэм. ЩІэблэм яхэтныр, абыхэм ямыщІэ гуэрхэр яригъэщІэныр, хуей хьумэ, чэнджэщ яритныр - ахэр пщІэи жэуаплныгъэшхуи зыпылъ Іуэхуэгъуэхэщ Мэшыкъуэм и дежкІэ. Дауи, ар егъэджэныгъэм зэрыпэрыт илъэс 40-м щІигъум кьриубыдэу ІэнатІэм зэхъуэкІыныгъэ куэд игъуэтащ, щІыхупсэм, гупсысэм, дуней еплъыкІэм хуэдэу. Нуралий къыхэрилъытэмкІэ, адыгэхэр нэхъапэм щІэныгъэм нэхъ хуэпабгъэу щытащ, ауэ иджыри мащІэкъым къэхутэныгъэхэр ирагъэкІуэкІыну, зи зэфІэкІыр лъэпкъ зыужьыныгъэм езыхьэлІэну хьэзыр ныбжьыщІэхэр.

- Апхуэдэ щІалэгъуалэм яхэтщ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лжьыгъэм зэфІэкІ лъагэхэр къыщІызыкъуэзыхэхэр. Сэ си аспирантку, доктор-ранту щытахэм ящыщ куэд екъуІэныгъэ яІэу мэлажьэ. Псалъэм папщІэ, сызэрыгушхуэ си гъэсэнхэм ящыщщ щІэныгъэлІхэу Мэлэмэт Ахьмэд, Хьэщъхъэжь Людмилэ, Мэшыкъуэ Бэллэ сымэ, нэгъуэщІхэри. Уи лэжьыгъэм къыпызыщэфын, къепхьэжьа Іуэхуэхэм нэхъри зезыгъэжьу адэкІэ зыгъэкІуэтэфын щІэблэ уяужь къыхуэныр - ар насыпышхуэу къызолъытэ, - и гупсысэхэмкІэ къыддогушэ нэхъыжьыр. - Куэдым нэсу къагурыІуэрхъым щІэныгъэфІ зыбгъэдэлъхэм гъащІэм пщІэ нэхъ щаІэ зэрыхъужьынум. А зэманыр апхуэдэуи жьжьэжькъым. НобэкІи мылъкуи уи нэр къыщебгъапхъуэ хъунукъым: щІэныгъэ куум пэшэчэфын мылъку щыІэкъым. Аращ ди студентхэр зыщІэдгъэдэлъ. ЩІэныгъэфІым зыкІи пездзыхьхьым гъэсэныгъэ екІур, лъэпкъ хьэл-щэн дахэр. ЦІыху мыгъасэм щІэныгъэ куу пхуетынукъым.

Мэшыкъуэ Нуралий и нэІэм щІэту я лэжьыгъэхэр ягъэхьэзыращ щІэныгъэхэм я докторрэ кандидату 20-м нэс. КъБКъУ-м щылажьэ диссертацэ советым хэту, абы и унафэщІу щытту, химие экологиемкІэ и кафедрэм и унафэщІу лажьэу ар хущІэкъуащ химие экологие, пластмассхэм я нанотехнологие унэтІныгъэхэм нэхъри зегъэужьыным, абыхэмкІэ къэхутэныгъэщІэхэр егъэкІуэкІыным. Езы еджагъэшхуэ щыпкъэм и кьалэмыпэм къыпыкІащ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лжьыгъэу 300-м щІигъу. Абыхэм яхэтщ монографие щхьэхуэхэр, методикэ пособиекэр, статья хэхаэр. Апхуэдэу абы щІэуэ кьигупсысащ хьэпшып эбжаиэ. Абыхэм я щыхьэту Мэшыкъуэм къыхуагъэфащащ свидетельствохэр, патентхэр.

Лъэпкъ щІэныгъэм хуищІ хэлъхьэныгъэ иным, зэфІих жьылагъуэ лэжьыгъэхэм папщІэ Мэшыкъуэм щытхъу, фІыщІэ тхылъ зыбжанэ къыхуагъэфащащ. Ахэр кьабгъэдэкІащ КъБР-м и Правительствэм, УФ-М, КъБР-м ЩІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ я министерствэхэм, зэгухьэныгъэхэм. Мэшыкъуэр щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ Іэщ1агъэлІ кьудейкъым, атІэ икІи жьылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэщ. Ар Творчествэмкіэ Дунейпсо, Экологиемкіэ Урысейпсо Академиехэм хэтщ, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием япэу хьыхьахэм ящыщщ. Ильэс зыбжанэкІэ абы и вице-президенту, академик-секретару щытащ, ноби адыгэ Іуэхум теламэ я лъэпкъ зэгухьэныгъэм и лжьыгъэм жьджэру хэтщ.

Нуралий ящыщщ Тхьэшхуэр унагъуэ дахэкІэ зыхуэупсахэми. Абырэ и щхьэгъусэ Светланэрэ быныГ: пхъурэ къуэрэ - здадгъуэтащ, екІуу ягъэсащ, щІэныгъэ, Іэщ1агъэ иратащ, гъащІэм гъэгу пэж щытрагъэуващ. Светланэ ильэс куэдкІэ библиотекэ Іэнатіэм щылажьащ. Зэщхьэгъусэхэм я щІалэ Анзор Москва дэт къэрал университетым и экономикэ факультетыр фІы дыдэу къиухащ, и щІэныгъэм аспирантурэми щыхигъэхъуащ. Я хьэджэбз Аринэ Сеченовым и цІэр зэрихьэу Москва дэт медицинэ академием щеджащ, абы и ординатурэми и зэфІэкІым зыщыгъэужьащ. Ди лъэпкъ хабзэр, хьэл-щэн хэр быныжм яхэлъу гъэсэныгъэ гупльытэшхуэ щыхуащІ Мэшыкъуэхэ я унагъуэм. Апхуэдэу абы пщІэшхуэ щиІэщ ди анэдэлъхубзэми. Я гъащІэ мардэхэр езыхэм яІа я нэхъыжьыфІхэм щІэин лъапІэу кьыхуагъэнащ Мэшыкъуэхэ. Ахэр унагъуэ насыпым и кьежьапІэу къэзылъытэ, а Іуэхугъуэхэм иригушхуэ цІыхущ Нуралий.

Пъэгуанэ купщІафІэ, ІуэхугъуэфІ куэдкІэ гъэнщІа къэзыкІуа лъэпкъ щІэныгъэлІ пажэм, къэралым, щалъхуа хэкум заужьыным, екъуІэныгъэ яІэным и щІэныгъэ, зэфІэкІи, кьаруи хуигъэпсу дунейм тет цІыху щыпкъэм дохъуэхъу и унагъуэкІи, кьащІэхъуэ щІэблэкІи гукъеуэ имыІэу, и мурадхэр кьеХъуІэу, и насыпым хэхъуэу куэдрэ псэуну.

КЪАРДЭН Маритъ.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр



Урысыдзэм хэт адыгэ зауэлІхэр.
Сурэтыр зыщІар наІуэкъым. Лондон къыщыдэкІ газетым 1885 гъэм градзащ.

● Аруан щІыналъэ

ЩІыІэр къэмыс щІыкІэ

«Газпром газораспределение Нальчик» Іуэхущ1апІэм и Аруан щІыналъэ къудамэм бжьыхьэ-щІымахуэ лэжьэгъуэм зыхуеГъэхьэзыр.

АО-М И КЪАЛЭН нэхъыщхьэр гъэсыныпхъэ щхьэантІэр зэкІуалІэ жылагъуэхэм шынагъуэншагъэ мардэхэм щыкІэлъыплъыныр сэкъатхэр гъэзэкІуэжьынымрэщ. Абы хеубыдэ газыр щызэбгратыкІ, щахъумэ щІыпІэхэр, газ бжьамийхэр. Псыгуэнсу къуажэм ирикІуэ бжьамийхэм я щытыкІэр мы махуэм къапщытэри ялащ, тегъэльадэхэр, бжьамийхэр зыІыгъ пкъохэм щыщ Іыхьэхэр щІэкІэ яхъуэжащ. ЩІэгъэкъуэнхэр зэхъуэкІыным екъэлІа лэжьыгъэр щыІэфІагъэкІащ Аруан, Чёрнэ Речкэ, Псынабэ жылагъуэхэми. Къэхъуным иджыпсту щокІуэкІ газыр бжьамийхэм хуиту щызэкІуэным екъэлІа лэжьыгъэр. Мы Іуэхуэм къадэкІуэу, Старэ ЩІэрэджым унащхьэ чэзуэу газ счётчикхэр щагъэуващ. Абы и Іуэжьыфірыр иджыпсту щыщІэдзауэ нэрылъагъуу, къуажэдэсхэм газ уасэр пІалъэм фІимыщу ят хъуащ.

АО-м къыпэщылъ къалэн псори бжьыхьэм нэмысу зэфІихьнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Дэ къытхуатх

ПщІэрэ щІыхьрэ къилэжьащ

ЛІэщІыгъуэ кІуам и етІуанэ Іыхьэм зегъэужьыным зи гуащІэшхуэ хэзылъхьа унафэщІ цІэрыІуэхэм ящыщщ Тэрч щІыналъэм хьыхь Болэтэй къуажэм щыщ Хьэжу Анатолэ Ахьмэд и къуэр.

ЗИ САБИИГЪУЭР зауэ нэужь зэман хьэлъэм хиубыда Анатолэ хьэзаб куэд ишэчами, цІыху нэс къищІыкІащ. КъБКъУ-м и филологие факультетыр кьиухри, кьуажэ школым щылажьащ урысыбзэмкІэ егъэджакІуэу. Зэман зэхуэмыдзэкІэ комсомолым и Тэрч райкомым и секретарь, партым и щІыналъэ комитетым къызэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІ, «Заря коммунизма» колхозым и председатель къулыкъухэр къызыхуэтыншэу зэрехьэ. 1990 гъэм щегъэжьауэ Хьэжу Анатолэ Тэрч ерыскъы комбинатым и унафэщІу илъэсибгъуэкІэ щытащ. Зигъэпсэхуну тІысыжа нэужьи, Анатолэ жылагъуэ зегугъэныгъэхэм я къудамэ зыбжанэ зэрихьащ.

Хьэжум и Іэдакъэ къыщІэкІащ и гукъэкІыжхэр щызэхуэхьэса «Сыту цІыхуфІ куэд сцІыхурэт...» («Как много я людей хороших знал...»), «Тэрч щІыналъэм и щІыпІэцІэхэр» («Топонимы Малой Кабарды») зыфІища тхылъхэр.

Ди къуажэдэс нэхъыжьыфІым и ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 83-рэ ирикъащи, си гуапэу мы усэмкІэ сохъуэхъу!

* * *

Зэман гуащІэм ухалъхуати,
Гугъуехь инхэри бгъэваш.
Сабиигъуэм и ІэфІыгъуэр,
Хэку зауэшхуэм пІэщІихащ.
Зэрихабзэу зэман ябгэм,
Уимыхъугъуэу лІы уищІащ.
Сыт ІэнатІэ зумыхьами,
Уи цІыхугъэрщ пэрытар.
Уэркъэ нобэкІэ щІэгушхуэр,
Зэхыхьам Джылахъстэнейр.
Уи бын дыгъэр къэзыцІыхум,
Хъуэхъуу къыпхужаІэр инщ.
УранапщІэщ лъэпкъым, жылэм,
Дрогушхуэ ди нэхъыжьым.
Дыпхуохъуахъуэ, уи щІыхь лъагэу,
КъэбгъэщІэну илъэс мин!

ХЪЫДЗЭДЖ Руслан.
Болэтэй къуажэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

ПцІы кІэралъхьэну зэрыхэтам щхьэкІэ

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур Іэ щІидзащ республикэм наркотик кІэлъыплъыныгъэмкІэ и Іэнатіэм щылажьа цІыхуэхъуитІым яхуэгъэзауэ къыззІуаха уголовнэ Іуэхумкіэ тхылъым.

АХЭР ягъэкъуанщэ УФ-м и УК-м и 228-нэ статьям и япэ Іыхьэмрэ 303-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэмрэ кьыщыгъэлъэгъуа щІэпхъаджагъэхэр ялэжьауэ (ящэн мурад ямыІэу наркотик щхъухь куэд хуимыту зэрахъуамэ, пцІы тралъхьэу лажьэ зимыІэр уголовнэ жэуапым ирашэлІэну зэрыхэтам папщІэ).

Зэрагъэкъуаншэ тхылъыр къащта нэужь, щыхэплъэн щхьэкІэ, уголовнэ Іуэхур Налшык кьалэ судым иратащ.

Щэхуу къагъэсэбэп зэрыджэгу Іэмэпсымэхэм ятеухуауэ

«Урысей Федерацэм и Уголовно-процессуальнэ кодексым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2017 гъэм гъатхэпэм и 28-м къащта Федеральнэ закон №51-ФЗ-м 2017 гъэм мэлыжьыхьым и 7-м къару игъуэтащ.

АБЫ зэрыщыгъэбелджьламкІэ, зытхьэкъу джэгуплэхэр хуимыту кьызэрызэрагъэпэщам икІи зэрагъэлэжьам къыхэкІыу, уголовнэ Іуэхуэхэр щызэхагъэкІым щыхьэтлыкъыу къытраха зэрыджэгу Іэмэпсымэхэр, Урысей Федерацэм и Правительствэм игъэува хабзэм тету, суд упрафэкІэ якъутэу, УФ-м и УПК-м и 166-нэ статьям зэрыжиІэм хуэдэу, протокол ятхыжьын хуейщ. Сурэтхэр, кино, видео материалхэр уголовнэ Іуэхуэхэмкіэ тхылъхэм дыщІагъу, кьищыкнэмыщІауэ, зэгъэпщэныгъэ кьэпщытэныгъэхэр щрагъэкІуэкІкІэ, а материалхэм ящыщу зыхуеину кьалъытэхэр кьагъэсэбэп хъунущ.

ЗэуІуу зэфІэгъэкІыпхъэхэм щытопсэлъыхь

КъБР-м и прокуратурэм щекІуэкІащ коррупцэм пэщІэтыныкІэ Іуэхущ1апІэхэм ящыщ зэпымыууэ лажьэ гупым и зи мычэзу зэІущІэ. Абы щызэпкърахащ Іулъхьэ зэІэпызыхьхэм щыщ Іулъхьэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я щІэныгъэ, зэфІэкІи, кьаруи хуигъэпсу дунейм тет цІыху щыпкъэм дохъуэхъу и унагъуэкІи, кьащІэхъуэ щІэблэкІи гукъеуэ имыІэу, и мурадхэр кьеХъуІэу, и насыпым хэхъуэу куэдрэ псэуну.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ Іулъхьэм теухуа уголовнэ Іуэху щхьэхуэхэм зэрыхэплъэм, зэхагъэкІахэр зыхуэдэм, следствэм и пэ хъихуэ къэпщытэныгъэхэр зэрекІуэкІым ехьэлІауэ жаІахэм.

Зэхьхьэм кьыщащтащ ныкъуасаныгъэхэмрэ яІэщІэкІа щыуагъэхэмрэ ягъэзэкІуэжьын, лэжьыгъэр фейдэ пылъу кьызэрагъэпэщащ папщІэ, зэуІуу зэфІэгъэкІыпхъэхэр.

Республикэм и прокуратурэм зынысфхуегъаззэ коррупцэ хьэгъэщагъэ зэрахьэу, къэрал, муниципальнэ къулыкъущІэхэм абы зэрыпэщІэт законодательствэм щыуБзыхуахэр, нэгъуэщІ хабзэхэр кьызэпауду гу лыдфтэмэ, щІыпІэхэм щыІэ ди къудамэхэм хуэбар евгъэщІэну. Хъыбархэр prokkbr@mail.ru электрон пощтымкІэ къьевгъэхь хъунущ. Зэпымыууэ лажьэ телефоныр: (8-866-2) - 40-45-51, коррупцэм зэрыпэщІэт телефоныр 7-928-083-02-80.

Терроризмэр зэригъэзахуэм къыхэкІыу

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур Іэ щІидзащ Бахъсэн къалэ округым щыщ цІыхухъым хуэгъэзауэ къызэІуаха уголовнэ Іуэхумкіэ тхылъым.

АР ЯГЪЭКЪУАНШЭ УФ-м и УК-м и 205.2-нэ статьям и япэ Іыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щІэпхъаджагъэ илэжьауэ (терроризмэр нахуэу зэригъэзэхуам къыхэкІыу).

КъызэрахутамкІэ, терроризмэр зыгъэзахуэ нэщэнэхэр зыхэлъ тхыгъэхэр абы Интернеткіэ зэбгригъэхьыр.

Зэрагъэкъуаншэ тхылъыр къащтэри, щыхэплъэн щхьэкІэ, уголовнэ Іуэхур Кавказ Ищхъэрэ окружной дзэ судым ягъэхьащ.

Зэхищ1ыхьам папщІэ абы илъэси 7-м нэс къехь.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Картэ мини 120-м щІигъу

● Банк Іуэхуэр

Урысейм и Мэкъумэш банкым Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыдигъэкІа, щыщ1ахуэкІэ къагъэсэбэп картэхэм я бжьыгъэр мини 120-м щІигъащ. Абыхэм ящыщу процент 75-р хухахащ Банкым и «Улахуэ» проектым хэтхэм. НобэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ Іуэхущ1апІи

170-м я лжьыкІуэхэм улахуэ зэрыратыр Урысейм и Мэкъумэш банкым и карточкэхэмкІэщ.

МЫ ИЛЪЭСЫР къызэрихьэрэ къудамэм щыдигъэкІащ картэ мини 7-м щІигъу. Банкым и картэхэр къэзыгъэсэбэпхэм я бжьыгъэм хэхъуэным сэбэп хуохъу республикэм и щІыналъэхэм тегуэшауэ терминал 46-рэ зэрыщагъэувар. Къищынэмыщ1ауэ, сату-Іуэхущ1апІэ предприятэхэми щІэтщ электрон терминал 28-рэ.

«Урысейм и Мэкъумэш банкым и картэхэмкІэ улахуэр къызратхэм яхуэгъэзауэ программэ щхьэхуэхэр диІэщ. Апхуэдэхэм проценту техьэр нэхъ мащІэу банкым кредит къыІахьфынущ», - къыхигъэщащ Урысейм и Мэкъумэш банкым КъБР-м щиІэ къудамэм и лжьакІуэ Бэрбэч Аслъэнджэрий.

Урысей Федерацэм и мэкъумэш-промышленнэ ІэнатІэм епха Іуэхущ1апІэхэм кредит-финанс Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэнымкІэ лъабжьэ быдэщ. «Урысейм и Мэкъумэш банк» АО-р. Ар къызэрагъэпэщащ 2000 гъэм икІи нобэ къалъытэ АПК-м и кредитор нэхъыщхьэу. «Урысейм и Мэкъумэш банкыр» ди къэралым щылажьэхэм ящыщу нэхъ лъэщхэм, зи Іуэхуэр зэпІэзэрытхэм, мылъку хъарзыни зыбгъэдэлъ нэхъ банкышхуэхэм хабжэ. Абы и акцэ- хэм я процентэ 100-ри къэрал мылъкущ.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Жэрдэм щхьэпэ

Депутат Іуэхуншэхэм ятеухуа унафэ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Іэ тридзащ махуэ 30-кІэ е нэхъыбэкІэ лэжьапІэм къемыкІуэлІа е и хэхакІуэхэм пыщІэныгъэ яхуэзимыІэж депутатхэм я мандатыр къыІахыжыну хуит зыщІ унафэм.

УНАФЭМ зэхъуэкІыныгъэ хелъхьэ Къэрал Думэм и депутатхэмрэ Федерацэмкіэ Советым хэтхэмрэ я статусым теухуа статьям. Абы къыщыгъэлъэгуащ цІыхубэм я лЫкІуэхэм я кІуалЫкъ къыІэрыграхыж Іэмалхэр. Унафэм ипкъ ИткІэ махуэ 30-кІэ е нэхъыбэкІэ зи кьалэнхэр зымыгъэзэщІа депутатым и мандатыр къыІахыжыну хуитщ ар зыхэт фракцэм е щылажьэ комитетым и жэрдэмкІэ.

«Щапхъэ къэгъэлъэгъуауэ хьэулейхэмрэ Іуэхуншэхэмрэ ехужьэжьын хуейщ. Ар мыхьэнэшхуэ зиІэщ, псом хуэмыдэу дызыхуэкІуэ хэхыныгъэхэм и пэ кІыхуэу, Къэрал Думэм кІуэну зызыгъэхьэзырхэм Іэпэдэгъэлэлу лэжьэныр я гум къэмыкІыххэн хуэздэу», - жиІащ «Справедливая Россия» фракцэм и депутат Нилов Олег.

Зи гугъу ящІыр Къэрал Думэм, комитетхэм, комиссэхэм я зэІуІэхэм я лэжьыгъэм депутатыр екІуэлІэныщІ, хэхакІуэхэм ядэлажьэныщІ. Мандатыр къыщыІахыжь щхьэусыгъуэм лъабжьэ иІэрэ ипшІэрэ къэзылъытэр этикэмкІэ комиссэрщ, ауэ депутатым и кьалэнхэр щхьэщызыхыр Къэрал Думэм и унафэщ.

ФИЛИППОВ Алексей.
«ТАСС» хъыбарегъащІэ ІэнатІэ.

Къалъыса щІы Іыхьэхэмкіэ арэзыкъым

● Къэрал программэ

Унагъэушхуэхэмрэ льготэ хэха зиІэхэмрэ къэралым ярита щІы Іыхьэхэм и ныкъуэр инфраструктурэкІэ къызэгъэпэщакъым е псыпцІэхэмрэ щыхупІэхэмрэ пэгъунэгъущ.

САБИЙ куэд зиІэ унагъэхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным - къыхэбгъэщмэ, унэ зращІыхьын щІы Іыхьэхэр яухэхьыным, теухуауэ УФ-м и Президент Путин Владимир ищІа пщэрылъыр щІыналъэхэм зэрыщагъэзащІэм щыгъуазэ защІащ «Урысейпсо щІыхубэ фронтым» (ОНФ) хэтхэм. Къэпщытэнчъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, щІы Іыхьэ ятахэм и ныкъуэращ зыхуэныкъуэ инфраструктурэмкІэ къызэгъэпэщаР. Сабий куэд зиІэ унагъуэхэм унапІэхэр къащтэн ядакъым, а щІыпІэхэм газ, псы, электрокъару зэремыкІуалІэм къыхэкІыу. Инженер коммуникацхэр абыхэм яхуешлэнчъэнукъым езыхэм я мылЫкъкІэ.

УФ-м и Президентым 2012 гъэм къыдигъэкІа накъыгъэ унафэхэм ящыщу унагъуэшхуэхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным теухуар зэрагъэзащІэр къыщапщытэм, ОНФ-м и щІэныгъэлІхэм сэтей къащІащІ пщІэншэу ята щІы Іыхьэ куэдым ухэныгъэ щебгъэкІуэкІыну Іэмал зэрыщымыІэр. Зэгухэныгъэм къызэриты-мкІэ, 2015 гъэм къриубыдэу субъектхэмрэ муниципалитетхэ щІыналъэхэмрэ сабий куэд зыщІэс унагъуэхэм щІыхуагуэшащ щІы Іыхьэ мин 75-м нэблагъэ, 2016 гъэм - мин 73-рэ. Ауэ инфраструктурэ зэрыщымыІэм къыхэкІыу ахэр къахуэгъэсэбэныкъым. ЩІэныгъэлІхэм я къэпщытэныгъэхэм къалъэлъэгъуащ псэун папщІэ цІыхур зыхуэныкъуэ газымкІэ, псымкІэ, электрокъарумкІэ щІы Іыхьэхэм и ныкъуэр къызэрызэпэщащ. Сабий куэд зиІэ унагъуэхэм унапІэхэр къащтэн ядакъым, а щІыпІэхэм газ, псы, электрокъару зэремыкІуалІэм къыхэкІыу. Инженер коммуникацхэр абыхэм яхуешлэнчъэнукъым езыхэм я мылЫкъкІэ.

УФ-м и Президентым 2012 гъэм къыдигъэкІа накъыгъэ унафэхэм ящыщу унагъуэшхуэхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным теухуар зэрагъэзащІэр къыщапщытэм, ОНФ-м и щІэныгъэлІхэм сэтей къащІащІ пщІэншэу ята щІы Іыхьэ куэдым ухэныгъэ щебгъэкІуэкІыну Іэмал зэрыщымыІэр. Зэгухэныгъэм къызэриты-мкІэ, 2015 гъэм къриубыдэу субъектхэмрэ муниципалитетхэ щІыналъэхэмрэ сабий куэд зыщІэс унагъуэхэм щІыхуагуэшащ щІы Іыхьэ мин 75-м нэблагъэ, 2016 гъэм - мин 73-рэ. Ауэ инфраструктурэ зэрыщымыІэм къыхэкІыу ахэр къахуэгъэсэбэныкъым. ЩІэныгъэлІхэм я къэпщытэныгъэхэм къалъэлъэгъуащ псэун папщІэ цІыхур зыхуэныкъуэ газымкІэ, псымкІэ, электрокъарумкІэ щІы Іыхьэхэм и ныкъуэр къызэрызэпэщащ. Сабий куэд зиІэ унагъуэхэм унапІэхэр къащтэн ядакъым, а щІыпІэхэм газ, псы, электрокъару зэремыкІуалІэм къыхэкІыу. Инженер коммуникацхэр абыхэм яхуешлэнчъэнукъым езыхэм я мылЫкъкІэ.

УФ-м и Президентым 2012 гъэм къыдигъэкІа накъыгъэ унафэхэм ящыщу унагъуэшхуэхэм я процент 14-м щІигъум, 2016 гъэм апхуэдэхэр процент 20-м щІигъуащ.

«ЩІы Іыхьэр къаІэрыхьа нэужь абы унэ зэрыращІыхьын мыльку унагъуэ куэдым кьалъыхъуэн хуей мэхъу, ауэ езым я кьарукІэ псы, газ зэрыкІуэну бжьамийхэр, канализацэр, электрокъарур, гъэзгур зыхуей хуэгъэзэнчъэ абыхэм яхуэзэфІэмыкІынщ. КъызэрыщІэкІымкІэ, щІыр яІи хуэдэщ, ауэ щыпсэуну Іэмал щыІэкъым. Пэжщ, щІыналъэ унафэщІхэм щхьэусыгъуэ ящІыдрынщ мыльку зэрамыІэр. Апхуэдэу щыщІыткІэ, инфраструктурэ зэкІуалІэ щІы Іыхьэхэр ирырагуэш, е Президентым и пщэрылъыр зэрамыгъэзэщІэфынур жрыраІэ», - жиІащ ОНФ-м и Штаб нэхъыщхьэм хэт, Къэрал Думэм и депутат Савастьяновэ Ольгэ.

Депутатым къыхигъэщащ кулыкъущІэхэм я кьалэныр сабий куэд зыщІэс унагъуэхэм ядэІэпыкъунырщ, армыхьумэ, пщэрылъхэр ягъэзащІэ хуэдэурэ, цІыхухэм я фэр ирахыныркъым. КъищынэмыщІауэ, Савастьяновэ Ольгэ жиІащ ОНФ-м и къэпщытэныгъэхэм кърикІуахэр УФ-м и Правительствэмрэ Уэуэныгъэмкіэ министерствэмрэ зэрыгаръхьынур.

Урысейм и Архитекторхэм я зэгухьэныгъэм и чэнджэщагъэ Ирбитская Ириндж къызэрилъытэмкІэ, инфраструктурэ зэмыкІуалІэ щІы Іыхьэхэр гуэшыныр захуагъэкъым.

«Дэтхэнэ унагъуэри, ар мэкъумэшым елэжьу щымытмэ, зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ къызэгъэпэщауэ къалэм щыпсэун хуейщ. ЩІы Іыхьэхэр гуэшынем теухуа программэхэр щыгъэлэжьапхъэр инфраструктурэкІэ къызэгъэпэща къалэхэрщ, иджыпсту апхуэдэхэр щІыху мелуан бжыгъэхэр щыпсэухэми щыІэщ, - жиІащ Ирбитская Ириндж.- Апхуэдэ щІыкІэм тету программэр фІы дыдэу щолажьэ, псалъэм папщІэ, Тюмень кьалэм.

Ирбитскэм къызэрилъытэмкІэ, унагъуэр мэкъумэш щІэным епхамэ, абы щыпсэуным ар къызэгъэпэщауэ щытыпхъэщ гъэгурыкъэмрэ жылагъуэ транспорткІэ. ЩІы Іыхьэри, абы мэкъумэш щыпщІэфын е Іэщ гъэхуным ущелэжьыфын хуэдэу ину щытын хуейщ.

Ирбитскэм Ириндж къыхегъэщащ сабий куэд зыщІэс унагъуэхэр пори зэрызэхуэмыдэри. Ар зэрелпльымкІэ, Урысейм щыкуэдщ зи сабийхэр къызыфІэмыпуэху адэ-анэхэр, псалъэм папщІэ, фадэм дихьэхахэр. Апхуэдэхэр яхуэбгъадэ хъунукъым, бын зэзыгъэгъуэту иужькІэ ахэр зыхуей хуэзыгъэзэну хущІэкъуэ адэ-анэхэм. Абы къызэрилъытэмкІэ, унагъуэ мыхъумыщІэхэми, адрейхэм зэрызащІигъакъуэ дыдэм хуэдэу, къэралыр ядэІэпыкъуныр захуагъэкъым.

ФИЛИППОВЭ Дарье.
«Известия»

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Мылкъутэ кхъухьхэр къомэщІэкІ

● Промышленность

2035 гъэм ирихьэлІэу Урысейм и Правительствэм иригъэщІыну и мурадщ атом кхъухьу 8-рэ щІыдагъэрэ газрэ къызэрырашэкІ танкеру 100-м щІигъурэ.

УРЫСЕЙМ Арктикэ щІыналъэм нэхъри зыщигъэбыдэну къыщІэкІынущ 2035 гъэм ирихьэлІэу. Бжьыкъэм Правительствэр хэпльэнущ Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ министерствэм Арктикэм зегъэужьыным хуэунэтІауэ зэхигъэува къэрал программэщІэм. Дэфтэрым къыщыхьащ «Кхъухь щІн промышленностым зегъэужьыным», «Атом мылкъутэхэр щІыным» Іыхьэхэм хьыхьу зэфІагъэкІынухэр. ЗэкІэ щІадзауэ атом мылкъутищ зэпкъралъхьэ, абыхэм я бжьгъэми хэхъуэну къыщІэкІынущ.

Промышленностымрэ сатумкІэ министерствэм и пресс-ІэнатІэм зэрыщыжаІамкІэ, 2035 гъэм ирихьэлІэу къэралыр атом мылкъутэу 8 хуэныкъуэнущ. Иджыпсту Урысейм апхуэдэ кхъухьиплІ къыщагъэсэбэп. «Кхъухь зыщІ Балтикэ завод» ООО-м щыщІадзащ атом мылкъутищ зэпкъралъхьэн. Къищынэмыщ1ауэ, 2017 гъэм и кІэм ирихьэлІэу хьэзыр хуэунущ «Лидер» атом мылкъутэм и техникэ проектыр. «Росатом» къэрал ІэнатІэм хъыбар къыщІэритамкІэ, жьы зэрыхъуам къыхэкІыу 2035 гъэм ирихьэлІэу къагъэсэбэпыжынукъым ищхьэкІэ зи гугъу щытщІа, иджыпсту псым тет кхъухьищыр. Ахэр къэплъытэмэ, 22220 жыхуаІэ проектым хуэдэ кхъухьитІ иджыри ящІын хуейщ.

«Кхъухьхэр щащІыну зэманымрэ текІуэдэну мылкъум и куэдагъымрэ яубзыхунущ, абыхэм зэрыхуэныкъуэм щыхьэт тех-ъуэ дэфтэрхэр Промышленностымрэ сатумкІэ министерствэм къигъэльэгъуа нэужь. Къэрал программэр гъэзэщІэным теухуа унафэр фокІадэ маззм нэхърэ нэхъ пасэу Правительствэм къищтэнукъым», - щыжаІащ министерствэм и пресс-ІэнатІэм.

«Лидер» проектыр урысей атом мылкъутэхэм яхуэхъащ. Кхъухьхэм я кьалэн нэхъыщхьэу щытынущ Ищхъэрэ тенджызым пхыкІ гъэгуэхэр ильэс псом зэІухауэ щыгъэтыныпмрэ Арктикэм экспедицэхэр щегъэкІуэкІыныпмрэ. Иджыпсту проектыр ягъэхьэзыр, зэрыхуэгъэфащэмкІэ, апхуэдэ зы кхъухь щІыным текІуэдэнущ сом мелард 70-м щІигъу. 22220 проектым щыщ мылкъутэхэм я уасэнур сом мелард 47-уэ ягъэльэгъуащ.

«Ищхъэрэ тенджызым тетыну кхъухьхэр нэхъыбэу кхъэзыгъэсэбэныпур Урысейм и щыдагъэ-газ компаниехэрщ. Кхъухьхэм я пкъыгъуэхэм я нэхъыбэр щызэпкъралъхьэнур кхъухь щащІ «Звезда» комплексырщ», - щыжаІащ Промышленностымрэ сатумкІэ министерствэм и пресс-ІэнатІэм.

«Звезда» комплексым кхъухьи 151-рэ щащІыну я мурадщ. Урысейм Арктикэ щІыналъэм щигъэзэщІэну инвестицэ проектхэм я зэхэлъыкІэрщ зэлъытауэ щытынур ищхьэкІэ къэдгъэлъэгъуа кхъухь лІэужьыгъуэхэм хэуныкъуэныр. Промышленностымрэ сатумкІэ министерствэм къызэрыщабжамкІэ, Ищхъэрэ тенджызымкІэ илъэсым къриубыдэу зэпраш хьэлъэу тонн мелуан 77,8-рэ. Апхуэдиз хьэлъэ бгъэлэпхъуэн папщІэ ухуейщ танкеру, газ зрагъаХъуэ танкеру, контейнер къезышэкІыу, мылкъутэу кхъухь 69-рэ.

«Мылкъутэхэр ухуэным теухуа программэр къэралым щагъэзэщІэныр Іэмалынышэщ, Арктикэ щІыналъэр Урысейм Іэщ1кІыну ууэмеймэ. Мылкъутэ флот щымыІэмэ, ар хуэзфІэкІыныкъым. НэгъуэщІ лъэныкъуэкІи бгъэдыхьэн хуейщ. Мы Іуэхум - экономикэ и лІэныкъуэкІэ къыпэкІуэну сэбэпныгъым и инагъыр. Мылкъутэхэр зэпкърилъхьэныр щхьэусыгъуэ ящІу, бюджет мылЫкър абы куэдыІуэу хуаутІыпщу, зэбграпхъ хъунукъым», - къыхигъэщащ Ищхъэрэ щІыналъэ пхыдзамрэ Арктикэмрэ я экономикэхэм я центрым и унафэщІ Пилясов Александр.

2018 - 2020 гъэхэм я бюджетым теухуауэ екІуэкІа иужьрей зэІуІэхэм ящыщ зым Медведев Дмитрий щыжиІащ мылЫкуу щыІэр Арктикэм ялэ щигъэщыпхъэ проектхэм ятегуэшапхъэу. А щІыналъэм и зыужьныныгъэм ехьаУ щыІэ язынкъуэ жэрдэмхэр гъэзэщІэнри гъэІэпхъуэн хуейуэ къыщыкъалхьащ.

Ищхъэрэ щІыналъэ пхыдзам пхыкІ тенджызым гъагъуэр - ар километр мини 5,5-рэ зи кІыхьагъ транспорт магистралщ. А лъагъуэм зэпещІэ Игаркэ, Дудинкэ, Диксон, Тикси, Певек, Провидение кхъухь тедзапІэхэм хуэдэу 50-м щІигъу. А гъуэгуанэм ущызекІуэ щыхъур мазитІым къыщыщІдзауэ мазилплым нэс хуэдизкІэщ. Абы къыщрашэкІ Ищхъэрэкіэ къыщыщІаш щыдагъэмрэ газымрэ, мэзыр. А магистралымкІэ щагъэІэпхъуэ Урысейм щыІэ нигелым и процент 90-мрэ гъуаплъэм и процент 65-мри.

ПАНОВ Павел.
ТАСС хъыбарегъащІэ ІэнатІэ.

КамАЗ-м къыхелъхьэ

УФ-м и Правительствэм яужь щихьащ электрокъарукІэ лажьэ транспортыр нэхъыбэ щІыным ехьэлІа Іэмалхэм хэплъэным

Урысейм и Правительствэм и Унафэщ1 Медведев Дмитрий пщэрылъ щищІащ электрокъарукІэ лажьэ транспортыр нэхъыбэ хъуным къэралыр щІэгъэкъуэн зэрыхуэхъуфыну Іэмалхэр яубзыхуну. Премьер-министрым унафэ ищІащ а Іуэхугъуэм теухуауэ къыхалъхьахэм шыщхьэІум и 17 пщІондэ хэплъэну. Яныныкъуэхэм трагъэчныпхъ бензинкІэ лажьэ транспортхэр кьалэщхуэхэмрэ курортхэмрэ дэгъэхьэн зэрыхуэмейм. Апхуэдэ жэрдэмыр Правительствэм къыщыхьахьауэ щытащ КамАЗ-м и унафэщІхэм. Иджыблагъэ абыхэм хъыбар къатащ электрокъарукІэ лажьэ транспортыр нэхъыбэ щІыным хуэлэжьыну зэгухьэныгъэ къыззэрызэрагъэпэщым теухуауэ.

«КАМАЗ»-м и генеральнэ директор Когогин Сергей къыхилъхьа проектым щыгъуазэ зищІу, щІэгъэкъуэн зэрыхъуфыну Іэмалхэр игъэхьэзырыну Медведев Дмитрий пщэрылъ щищІащ вице-премьер Дворкович Аркадий.

«Зэгухьэныгъэм хэтхэмрэ абы зи Іуэху епха ІэнатІэхэмрэ ящІыгъуу а лэжьыгъэр къызэвгъэпэщыну сыныволъэІу», - итщ Премьер-министрым пщэрылъ ищІа дэфтэрым.

КамАЗ-м и унафэщІым Правительствэм къыщыхилъхьащ жэрдэм хъарзынэ, автомобилхэм кьапиху гъуэзэкэм дыкъэзыухъуреихь дунейр емыгъэуцІэпІыным теухуауэ. КъищынэмыщІауэ, абы къыхуриджащ апхуэдэ транспортхэр кьалэшхуэхэмрэ куроРт щІыналъэхэмрэ дамыгъэхьэнми унафэ тращІыхьыну.

КамАЗ-м къихилъхьа дэфтэрым, къищынэмыщІауэ, итщ электрокъарукІэ лажьэ транспортхэм налогыр щхьэщахыпэныр, кьалэхэм щыІэ автомобиль гъэувыпІэхэм ахэр пщІэнщэу щыщагъэтыныр, апхуэдэ транспортхэр къэзыщэхухэм къэрал субсидие иратыныр зэрафІэтэмэмыр.

А жэрдэмхэмрэ экологием зэран хуэмыхъу транспортым зегъэужьыным теухуауэ къэралым иІэ мурадхэмрэ зэтохуэ. Яныныкъуэ кьалэшхуэхэм, Мэзкуум яхэту, электротранспорт зиІэхэр щыхуитщ автомобиль гъэувыпІэхэм пщІэ щІамытыну.

УФ-м Экономикэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэм и лІыкІуэ Лашкинэ Еленэ и псалъэхэм къызэрыхэщамкІэ, дяпэкІэ электромобиль зезыгъакІуэхэр хуит ящІынкІэ хъунущ жылагъуэ транспортыр щызекІуэ гъуэгу щхьэхуэхэм техьэну, страхование щащІкІэ нэхъ пуду къыхуабжьыну, налог щытралъхьэкІи льготэхэр яІэну. Транспорт лІэужьыгъуэщІэхэр дэІыгъыным 2020 гъэм щІадзэнущ. Апхуэдэу къыщыхьащ УФ-м и автомобиль промышленностым 2025 гъэ пщІондэ зегъэужьыным и программэм. Министерствэм щыжаІащ дуней псом а щІыпкІэр зэрыщыззэтеублам иджыпсту щыгъуазэ зэрызащІыр.

«Экологие мардэхэм къимытІасэ автомобилхэр хуиту къагъэсэбэпыфынукъым. Къэралым я щІыпІэ щхьэхуэхэм ахэр дамыгъэхьэнкІэ хъунущ», - жиІащ Лашкинэ Еленэ.

Экономикэ зыужьныныгъэмкІэ министерствэм хъыбар кьызэритамкІэ, электромобиль къззыщэхунухэм япэ лъэхъэнэхэм субсидиехэр хухахьну я мурадщ. Апхуэдэу 2025 гъэ пщІондэ екІуэкІыну хуагъэфащэ. Ауэ къэрал дэІэпыкъуныгъэр зэрызэтраублэну щІыкІэр, ар зэрекІуэкІыну пІалъэр щыдзыхуэнур стратегием Правительствэр арэзы теХъуа нэужьщ.

Когогин Сергей къыхилъхьахэм ящыщу электротранспортым щхьэкІэ къагъэсэбэп электрокъарум и уасэр кьызэрыгуэкІ щІыхуэм ятым хуэгъэкІуэр хуейр (ящыныкъуэ щІыналъэхэм а уасэхэр хуэди 2,5-кІэ щызэщхьэщокІ).

Автомобиль Іуэхум фІыуэ хэзыщІкІ Моржареттэ Игорь зэрепльымкІэ, УФ-м и Правительствэр электрокъарур кьэзыгъэсэбэп транспортыр нэхъыбэ щІыным хуэгъэза программэр зэхигъэувэкІэрэ, а ІэнатІэм зегъэужьыныным, абы пыщІа Іуэхуэр дуней псом щызекІуэ мардэхэм хуигъэкІуэным хущІокъу. Нобэкіэ ди къэралым щатхащ электрокъарукІэ лажьэ автомобиль 1000-м нэблагъэ. «А унэтІныныгъэм КамАЗ-м къыщыхихьа жэрдэмхэр зэхэпльэтмэ, Урысейм СНГ-мрэ щынэхъ ин электроавтобусхэр къыщІэзыгъэкІ компание ар хъуным хущІэкъуу арагъэнущ», - къыхигъэщащ экспертым.

КамАЗ-м нэмыщІ, электротранспортым зегъэужьыныныкІэ зэгухьэныгъэм хьыхьэну хуейщ Мэзкуу кьалэм и Правительствэр, Экономикэ зыужьныныгъэмкІэ, Промышленностымрэ сатумкІэ, Транспортымкіэ министерствэхэр, «Ростелеком», «Соллерс», «Россети» компаниехэр, Санкт-Петербург дэт политехническэ университетыр, нэгъуэщІхэри.

ДЕВЯТЬЯРОВ Евгений.
«Хъыбарыщ1эхэр» РИА.

Къэралыр программэ щІыпІэ щыІэ ящІыгъуу ягъэфІакъуэ

Урысейм и Правительствэм и Унафэщ1 Медведев Дмитрий пщэрылъ ящищІащ электрокъарукІэ лажьэ транспортыр нэхъыбэ хъуным къэралыр щІэгъэкъуэн зэрыхуэхъуфыну Іэмалхэр яубзыхуну. Премьер-министрым унафэ ищІащ а Іуэхугъуэм теухуауэ къыхалъхьахэм шыщхьэІуМ и 17 пщІондэ хэплъэну. Яныныкъуэхэм трагъэчныпхъ бензинкІэ лажьэ транспортхэр кьалэщхуэхэмрэ куроРтхэмрэ дэгъэхьэн зэрыхуэмейм. Апхуэдэ жэрдэмыр Правительствэм къыщыхьахьауэ щытащ КамАЗ-м и унафэщІхэм. Иджыблагъэ абыхэм хъыбар къатащ электрокъарукІэ лажьэ транспортыр нэхъыбэ щІыным хуэлэжьыну зэгухьэныгъэ къызэрызэрагъэпэщым теухуауэ.

«КАМАЗ»-м и генеральнэ директор Когогин Сергей къыхилъхьа проектым щыгъуазэ зищІу, щІэгъэкъуэн зэрыхуэфыну Іэмалхэр игъэхьэзырыну Медведев Дмитрий пщэрылъ щищІащ вице-премьер Дворкович Аркадий.

«Зэгухьэныгъэм хэтхэмрэ абы зи Іуэху епха ІэнатІэхэмрэ ящІыгъуу а лэжьыгъэр къызэвгъэпэщыну сыныволъэІу», - итщ Премьер-министрым пщэрылъ ищІа дэфтэрым.

КамАЗ-м и унафэщІым Правительствэм къыщыхилъхьащ жэрдэм хъарзынэ, автомобилхэм кьапиху гъуэзэкэм дыкъэзыухъуреихь дунейр емыгъэуцІэпІыным теухуауэ. КъищынэмыщІауэ, абы къыхуриджащ апхуэдэ транспортхэр кьалэшхуэхэмрэ куроРт щІыналъэхэмрэ дамыгъэхьэнми унафэ тращІыхьыну.

КамАЗ-м къихилъхьа дэфтэрым, къищынэмыщІауэ, итщ электрокъарукІэ лажьэ транспортхэм налогыр щхьэщахыпэныр, кьалэхэм щыІэ автомобиль гъэувыпІэхэм ахэр пщІэнщэу щыщагъэтыныр, апхуэдэ транспортхэр къэзыщэхухэм къэрал субсидие иратыныр зэрафІэтэмэмыр.

А жэрдэмхэмрэ экологием зэран хуэмыхъу транспортым зегъэужьыным теухуауэ къэралым иІэ мурадхэмрэ зэтохуэ. Яныныкъуэ кьалэшхуэхэм, Мэзкуум яхэту, электротранспорт зиІэхэр щыхуитщ автомобиль гъэувыпІэхэм пщІэ щІамытыну.

УФ-м Экономикэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэм и лІыкІуэ Лашкинэ Еленэ и псалъэхэм къызэрыхэщамкІэ, дяпэкІэ электромобиль зезыгъакІуэхэр хуит ящІынкІэ хъунущ жылагъуэ транспортыр щызекІуэ гъуэгу щхьэхуэхэм техьэну, страхование щащІкІэ нэхъ пуду къыхуабжьыну, налог щытралъхьэкІи льготэхэр яІэну. Транспорт лІэужьыгъуэщІэхэр дэІыгъыным 2020 гъэм щІадзэнущ. Апхуэдэу къыщыхьащ УФ-м и автомобиль промышленностым 2025 гъэ пщІондэ зегъэужьыным и программэм. Министерствэм щыжаІащ дуней псом а щІыпкІэр зэрыщыззэтеублам иджыпсту щыгъуазэ зэрызащІыр.

«Экологие мардэхэм къимытІасэ автомобилхэр хуиту къагъэсэбэпыфынукъым. Къэралым я щІыпІэ щхьэхуэхэм ахэр дамыгъэхьэнкІэ хъунущ», - жиІащ Лашкинэ Еленэ.

Экономикэ зыужьныныгъэмкІэ министерствэм хъыбар кьызэритамкІэ, электромобиль къззыщэхунухэм япэ лъэхъэнэхэм субсидиехэр хухахьну я мурадщ. Апхуэдэу 2025 гъэ пщІондэ екІуэкІыну хуагъэфащэ. Ауэ къэрал дэІэпыкъуныгъэр зэрызэтраублэну щІыкІэр, ар зэрекІуэкІыну пІалъэр щыдзыхуэнур стратегием Правительствэр арэзы теХъуа нэужьщ.

Когогин Сергей къыхилъхьахэм ящыщу электротранспортым щхьэкІэ къагъэсэбэп электрокъарум и уасэр кьызэрыгуэкІ щІыхуэм ятым хуэгъэкІуэр хуейр (ящыныкъуэ щІыналъэхэм а уасэхэр хуэди 2,5-кІэ щызэщхьэщокІ).

Автомобиль Іуэхум фІыуэ хэзыщІкІ Моржареттэ Игорь зэрепльымкІэ, УФ-м и Правительствэр электрокъарур кьэзыгъэсэбэп транспортыр нэхъыбэ щІыным хуэгъэза программэр зэхигъэувэкІэрэ, а ІэнатІэм зегъэужьыныным, абы пыщІа Іуэхуэр дуней псом щызекІуэ мардэхэм хуигъэкІуэным хущІокъу. Нобэкіэ ди къэралым щатхащ электрокъарукІэ лажьэ автомобиль 1000-м нэблагъэ. «А унэтІныныгъэм КамАЗ-м къыщыхихьа жэрдэмхэр зэхэпльэтмэ, Урысейм СНГ-мрэ щынэхъ ин электроавтобусхэр къыщІэзыгъэкІ компание ар хъуным хущІэкъуу арагъэнущ», - къыхигъэщащ экспертым.

КамАЗ-м нэмыщІ, электротранспортым зегъэужьыныныкІэ зэгухьэныгъэм хьыхьэну хуейщ Мэзкуу кьалэм и Правительствэр, Экономикэ зыужьныныгъэмкІэ, Промышленностымрэ сатумкІэ, Транспортымкіэ министерствэхэр, «Ростелеком», «Соллерс», «Россети» компаниехэр, Санкт-Петербург дэт политехническэ университетыр, нэгъуэщІхэри.

ДЕВЯТЬЯРОВ Евгений.
«Хъыбарыщ1эхэр» РИА.

● Жэрдэм щхьэпэ

Депутат Іуэхуншэхэм ятеухуа унафэ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Іэ тридзащ махуэ 30-кІэ е нэхъыбэкІэ лэжьапІэм къемыкІуэлІа е и хэхакІуэхэм пыщІэныгъэ яхуэзимыІэж депутатхэм я мандатыр къыІахыжыну хуит зыщІ унафэм.

УНАФЭМ зэхъуэкІыныгъэ хелъхьэ Къэрал Думэм и депутатхэмрэ Федерацэмкіэ Советым хэтхэмрэ я статусым теухуа статьям. Абы къыщыгъэлъэгуащ цІыхубэм я лЫкІуэхэм я къулыкъыр къыІэрыграхыж Іэмалхэр. Унафэм ипкъ ИткІэ махуэ 30-кІэ е нэхъыбэкІэ зи кьалэнхэр зымыгъэзэщІа депутатым и мандатыр къыІахыжыну хуитщ ар зыхэт фракцэм е щылажьэ комитетым и жэрдэмкІэ.

«Щапхъэ къэгъэлъэгъуауэ хьэулейхэмрэ Іуэхуншэхэмрэ ехужьэжьын хуейщ. Ар мыхьэнэшхуэ зиІэщ, псом хуэмыдэу дызыхуэкІуэ хэхыныгъэхэм и пэ кІыхуэу, Къэрал Думэм кІуэну зызыгъэхьэзырхэм Іэпэдэгъэлэлу лэжьэныр я гум къэмыкІыххэн хуэздэу», - жиІащ «Справедливая Россия» фракцэм и депутат Нилов Олег.

Зи гугъу ящІыр Къэрал Думэм, комитетхэм, комиссэхэм я зэІуІэхэм я лэжьыгъэм депутатыр екІуэлІэныщІ, хэхакІуэхэм ядэлажьэныщІ. Мандатыр къыщыІахыжь щхьэусыгъуэм лъабжьэ иІэрэ ипшІэрэ къэзылъытэр этикэмкІэ комиссэрщ, ауэ депутатым и кьалэнхэр щхьэщызыхыр Къэрал Думэм и унафэщ.

ФИЛИППОВ Алексей.
«ТАСС» хъыбарегъащІэ ІэнатІэ.

● Гъунапкъэ

Гуэлыр йогъущыкІ

Иужьрей махуэхэм цІыхухэр игъэпІейтеящ ди къэрал гъунапкъэр ягъэІэпхъуэу, Новосибирск областым щыІэ Сладкое гуэлыр Къэзахъстаным ирата хуэдэу къата хъыбарым.

УФ-м и ФСБ-м Новосибирск щиІэ и гъунапкъэхъумэ управленэм зэрыщыжаІамкІэ, гуэлыр Къэзахъстаным и щІыналъэм къыщІыщІыхуар ар абы нэсу зэригъущыкІарщ, армыхьумэ къэрал гъунапкъэр ягъэІэпхъуакъым.

«Мы щІыпІэм щыпсэухэм ящІэрт къэрал гъунапкъэр гуэлым и кум зэрыкІуэцІрыкІыр икІи абы къыхэкІыу псы Іуфэм щыщакІуэу щытащ. Арщхьэкіэ, гъунапкъэр къапщытэжу, абы хуэфэщэн хъыбареГъащІэ пхъэбгъуэхэр ягъэува нэужь наІуэ хъуащ иужьрей илъэсхэм къриубыдэу гуэлыр хэпщІыкІыу нэхъ цІыкІу зэрыхъуар икІи ар гъунапкъэр кІуатэурэ псы Іуфэм зэреувІар, - жиІащ гъунапкъэхъумэ управленэм и пресс-ІэнатІэм и лІыкІуэм. - Араща, Урысейм Къэзахъстаным зыри иритакъым. Гъунапкъэр здэщыта дыдэм хуэзэу ирокІуэ.

СЕЛЯНИНЭ Анастасие.
«Хъыбарыщ1эхэр» РИА

Хущхъуэхэм я уасэхэм хохъуэ

● Узыншагъэ

Инфляцэр зэрыдэкІуеям нэхъ-рэ хуэдищкІэ нэхъ лъапІэ хъуащ хущхъуэхэм я уасэхэр. Щ1ыхур псэун папщІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ, Іэмал имыІэу къигъэсэбэпын хуейхэм хамыбжа хущхъуэхэкІхэм я уасэм мы гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къриубыдэу процент 7,6-кІэ хэхъуащ.

ЩІЭНЫГЪЭЛІХЭМ къызэрилъытэмкІэ, апхуэдэ Іэмалкіэ аптекэхэм ирагъэжьужьну хущІокъу сымаджэм Іэмал имыІэу зрихьэлІэн хуей хущхъуэхэм я уасэм къэралыр зэрыкІэлъыплъым, гъэмахуэ лъэхъэнэм хущхъуэхэм яІэ щІэупщІэр зэрехам, сомым къыщІэкІыр зэрымащІэм къыхэкІыу яфІэкІуэд хэхъуэр.

Узыншагъэр хъумэным кІэлъыплъымкІэ къэрал ІэнатІэм (Росздравнадзор) къызэрыщыхагъэщамкІэ, хущхъуэхэкІ зэмлІэужьыгъуэхэм я уасэхэм зэрыхэхъуари зэщхьэщокІ. Апхуэдэу, зи уасэр тумэнитхум щІимыгъуу щытатхэр нэхъ лъапІэ зэрыхъуар процент 1,8-кІэщ, тумэнитхум къыщыщІэдзауэ сом 500-м нэблагъэхэр - проценти 7,9-рэ иримыкъуКІэ, сом 500-м щІигъу зи уасэхэм - проценти 7,9-м щІигъукІэ.

Сымаджэм Іэмал имыІэу кІигъэсэбэпын хуейхэм хамыбжа хущхъуэхэм я уасэхэр ахэр кьыщІэзыгъэкІхэми зыщхэми зэрыхэр зэрыхуейм хуэдэу трагъэувэ. Ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъхэм пщІэншэу иратын хуей хущхъуэхэм я уасэр 2009 гъэм къыщыщІэдзауэ къэралым егъэуви абы хиубыдэ лІэужьыгъуэхэр илъэс кьэс УФ-м и Правительствэм ерагъэуву. «Аптечная гильдия» зэгухьэныгъэм и унафэщІ Неволинэ Еленэ къыззэрилъытэмкІэ, а хущхъуэ лІэужьыгъуэхэм я уасэр гъэувыным къэралым унафэ зэрытрищІыхьыращ адрейхэр нэхъ лъапІэ щІэхъуар.

- Сымаджэм Іэмал имыІэу зрихьэлІэн хуей хущхъуэхэкІхэм я уасэхэр зэрагъэув щыкІэм кІэлъоплъ. Абы къыхэкІыу абыхэм я уасэм хагъэхъуэну хуиткым. Инфляцэр зэрыдэкІуеймрэ сомым къыщІэкІыр нэхъ мащІэ зэрыхъумрэ абы хэбгъэхьжмэ, хущх

● Пшыхьхэр

Тетуев Хьэдис къопсалъэ.

Сыжажэ Алимрэ Цагоев Игоррэ я ущиехэр.

Зи щІыналъэм исыж лъэпкъхэм я махуэшхуэ

Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм шыщхьэуІум и 9-м щекІуэкІащ «Кавказ лъабжьэр - лъабжьэ быдзэ» пшыхьыр. Ар Іуэхущ1апІэм къекІуалІэхэр щеджэ пэшым и лэжьакІуэхэм къызэрагъэпэщащ. Зи щІыналъэм исыж лъэпкъхэм я дунейпсо махуэм хуэкІуэу.

Хъаний зэкъуэшхэр

ЗЭХЫХЬЭМ ирихьэлІэу ягъэуващ «Адыгея - песня моя!», «Мой многоликий Дагестан - «страна гор и гора языков», «Ингушетия! Сбереги меня в сердце своём!», «Кабардино-Балкария - благодатный край, солнечный рай!», «Славься земля Карачаево-Черкесии!», «Под сенью Казбека Осетия - мать!», «Чечня - путь созидания!» тхылъ дапхъэхэр. Абы халъхьащ библиотекэм и лъахэхутэ литературэ, техникэ литературэ, гъуаздж, тхылъ хъумапІэ нэхъыщхьэ къудамэхэм щІэлъхэм ящыщу республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэм, псэукІэм, къадекІуэкІ хабзэхэм, щэнхабзэм теухуа лэжьыгъэ гъэщІэгъуэнхэр.

Пшыхь гъапэм ирагъэблэгъащ «100 щагов к Кайсыну» фондым и унафэщІ **Тетуев Хьэдис**, дагъыстэн хэхэсхэм я лІыкІуэхэу **Курбанов Салимгаджирэ Магомедов Жалилрэ**, осетинхэм ящыщу **Цагоев Игоррэ Царикаев Сослъэнрэ**, «Гъунэгъум дэІэпыкъу» республикэ волонтёр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Сыжажэ Алим**, Къалэн куэд щагъэзащІэ щІалэгъуалэ центрым щыщхэр, абы и унафэщІ **Къумыкъу Каринэ**, нэгъуэщІхэри.

Хъаний зэкъуэшхэу пшынауэ Аскэррэ бэрэбэнауэ Маратрэ пшыхьыр макъамэ дахэкІэ кІыхь-Іуахащ, абыхэм ягъэзэщІащ Кавказым ис лъэпкъхэм я къафэхэр.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, библиотекэм щеджэ и пэшым и унафэщІ **Сэкрэк Заремэрэ** библиотекэм и лэжьакІуэ нэхъыжь **Тхьэкъуахъуэ Индирэрэ** зэІуэщІэм хэтахэр щагъэгъуэзащ ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и жэрдэмкІэ, 1994 гъэм щыщІэдзауэ Зи щІыналъэм исыж лъэпкъхэм я дунейпсо махуэр шыщхьэуІум и 9-м зэрагъэлъапІэм. Дуней псом щагъэува махуэшхуэм и гугъу щащІым, кІыхагъэщащ республикэм ис лъэпкъхэм зым адрейм я тхыдэ, щэнхабзэ къулейм пщІэрэ гулъытэрэ хуащІыныр зэрынэхъыщхьэр, абы ирихьэлІэу кІафэрэ уэрэдкІэ гъэнщІа зэхьихь я гукъинэжхэр, концертхэр, псапэ Іуэхуэхэр кІыузэрызэрагъэпэщыр.

Махуэшхуэм и хабзэр ягъэзащІэу, Сэкрэк Заремэрэ Тхьэкъуахъуэ Индирэрэ тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэм, хабзэм, щэнхабзэм, Іуэрыуатэм, лъапІэныгъэ яльытэхэм. Абы къыдэкІуэу экранымкІэ лъэпкъ къафэхэр къагъэлъэгъуащ. Къэпсалъэхэм къыхагъэщхьэхуэкІащ Кавказ Ищхъэрэм и хэгъэгухэм щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэхэм пщІэ зэрыхуащІыр, ахэр куэдкІэ зэрызэпэгъунэгъур. Апхуэдэщ адэ-анэм, щыхуэбзым, нэхъыжьым, хьэщІэм пщІэ яхуэщІыныр, напэ уиІэныр, къуаншагъэ умыІэжьыныр, шыІэныгъэ пхэлъныныр, нэгъуэщІхэри. Пшыхьым кІрихьэлІа щІалэгъуалэм гъэщІэгъуэн ящыхъуащ Кавказым ис лъэпкъхэм къадекІуэкІыу щыта хабзэжьыр - лъыщІэжьыр - хьэщІэм и фІыгъэкІэ пІалъкІэ ягъэувыІэу зэрыщытар. Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм гъэсэныгъэм мыхьэнэшхуэ зэрыратым, псом хуэмыдэу щІалэ цІыкІуэхэр цІыхухъум, адэм, къуэшым, дэлъхум я къалэн къазэрытехуэм, адэ-анэм я щІэгъэкъуэну псэун зэрыхуейм зэрыщІапІыкІым къытеувыІащ.

- Фызыщыщ лъэпкъым и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ къадэкІуэу, щІыналъэм ис нэгъуэщІ лъэпкъхэм ейми зыхэвгъэгъуэзэныр щІэблэм куэдкІэ къыфхуэщхьэпэнущ. Зым нэгъуэщІым и деж ныкъусанигъэ къыщыдмылъхьэуэу, щхьэж фІыуэ тхэлъымкІэ дызэдэвгъэгъуашэ. Тхьэм цІыхухэр дызэмыщхьу дыкъыщІигъэщІар дызэдэІэпыкъун, дызэкъуэтын папщІэщ. Дэнэ дыкъыщымыхутэми, нэгъуэщІхэм я лъэпкъ хабзэхэм пщІэ яхуэдвгъэщІ, шыІэныгъэ тхэлъу дадэвгъэгъуэгурыкІуэ. Гуапагъэ щІэныр щ «Гъунэгъум дэІэпыкъу» ди жылагъуэ зэгухьэныгъэм и къалэн нэхъыщхьэр зыхуэунэтІари, - жиІащ Сыжажэ Алим.

Зэхьихьэр щызэхуащІыжым, Сэкрэк Заремэрэ Тхьэкъуахъуэ Индирэрэ щІалэгъуалэм зыхуагъэзащ я лъэпкъ хабзэхэр яхъумэжыну, ахэр къэкІуэну щІэблэм я деж нахьэсыну. Пшыхьыр къызэзыгъэпэщахэм я мурадыр тхыдэ, бзэ, хабзэ, Іуэрыуатэ, литературэ щхьэхуэ яІэжу зэгъунэгъуу зэдэпсэуэрэ, зыщыщ лъэпкъыми зэрыт динми емыльытауэ, фІыуэ зэхущытыныр щІыналъэм ис дэтхэнэ зыми и къалэн нэхъыщхьэу къызэрынэжьымрэ лІэщІыгъуэ зыбжанэ хъуауэ абыхэм я зэхуаку дэлъ мамырыгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ яхъумэжын зэрыхуеймрэ ягу къагъэкІыжынырт. Зэхьихьэр зи жэрдэмхэм а мурадым гъунэ ираугъуэ, Іуэхум хэпъхьэныгъэфІ хуащІауэ жыпІэ хъунущ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Чемпионыр сабийхэм яхуозэ

● ЗэІущІэ

Урысейм и УМВД-м Налшык къалэм щиІэ къудамэм и Жылагъуэ совет-тым хэтхэм «Долинск» санаторэм зыщызыгъэпсэху сабийхэр хуагъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыгушхуэ, 2016 гъэм екІуэкІа Олимп Джэгухэм дыжьын медаль къыщызыхьа Джэду Іэниуар.

ЗЭІУЩІЭМ кърихьэлІащ УФ-м и УМВД-м Налшык къалэ щиІэ къудамэ №2-м балигъ мыхъуэхэм я ІуэхуэхэмкІэ и инспектор, полицэм и капитан Беслъэней Залинэ, Управленэм и Жылагъуэ советым и тхьэмадэм и къуэдзэ Хьэмырэ Хьэзэрэталий, абы хэт Тхьэщыгуть Элинэ, Управленэм хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэм ядэлэжьэныкІэ и Іэщ1агъэлІ, капитан Щоджэн Заретэ, Шэшэным къикІауэ «Долинск» санаторэм зыщызыгъэпсэху сабии 100-м щІигъу.

Зэхуэсым и пэщІэдзэм зыгъэпсэхуакІуэхэр ирагъэплъащ Джэду Іэниуар и ехъулІэныгъэхэм ятеухуа видеороликым. НыбжьыщІэхэм гуапэу чемпионыр къыргъэблагъащ, дэтхэнэми Іэмал иІащ абы сэлам ирагъэхэмрэ хасэнущ, зыгъэпсэхупІэу щыпыну щыпІэхэри къагъэщІэрэщІэжынущ. Лажьыгъэхэр фокІадзэм нэмысу зэфІахын хуейщ.

«2017 гъэм къриубыдэу къалащхьэм иджырей тепльэ егъэгъуэтын» зыфІаща щыпІэ программэр зэрагъэзащІэр нэрылъагъуу, Налшык и щыпІэ куэдыр ягъэдахащ: уэрам зэхэкІыпІэхэм гъущІ тегъэувапІэ щагъэуващ, удз гъэгъа зэмыфэгъуэхэр иту, газонхэм удз щхьуантІэхэр щхьэщахьклащ, къалэр зыгъэдахэ гъэгъа гъэкІыпІэхэм щІэуэ зыбжанэ къыхагъэхъуащ, сэкъат зыгъуэта блиткэхэр лъэс зекІуапІэхэм трагъэкъэбзыкІащ. Мыпхуэдэ пэжьыгъэхэм ущрохьэлІэ Лениным, Щоджэнщ1ыкІум я проспектхэм, Идарым и уэрамым.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Налшык

Къалэр ягъэщІэращІэ

Налшык и теплъэр гъэдэхэныр зи къалэнхэм я зэфІэкІ псори ирахъэлІэ мафхуэшхуэ дызыхуэкІуэм къалэр хуагъэхьэзырым.

ТЭРЧОКЪУЭМ и цІэр зезыхьэ уэрамым щылажьэ ухуакІуэхэм бульдозерхэмкІэ щІыпІэ щхьэхуэхэр зэтес ящІащ, лъэс зекІуапІэхэмрэ фэтэр бжэІупэхэмрэ бетон гъэжахэмкІэ щІадзауэ пагъэщхьэхуэкІ. Псом хуэмыдэу йогугъу сабий джэгупІэхэр зэрэщІащ. А лэжьыгъэхэм къадэкІуэу, щхьуантІагъэхэмрэ удз гъэгъа гъэкІыпІэхэм щІыпІэхэр къагъэщІэрэщІэжынущ. Лажьыгъэхэр фокІадзэм нэмысу зэфІахын хуейщ.

«2017 гъэм къриубыдэу къалащхьэм иджырей тепльэ егъэгъуэтын» зыфІаща щыпІэ программэр зэрагъэзащІэр нэрылъагъуу, Налшык и щыпІэ куэдыр ягъэдахащ: уэрам зэхэкІыпІэхэм гъущІ тегъэувапІэ щагъэуващ, удз гъэгъа зэмыфэгъуэхэр иту, газонхэм удз щхьуантІэхэр щхьэщахьклащ, къалэр зыгъэдахэ гъэгъа гъэкІыпІэхэм щІэуэ зыбжанэ къыхагъэхъуащ, сэкъат зыгъуэта блиткэхэр лъэс зекІуапІэхэм трагъэкъэбзыкІащ. Мыпхуэдэ пэжьыгъэхэм ущрохьэлІэ Лениным, Щоджэнщ1ыкІум я проспектхэм, Идарым и уэрамым.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Ахъшэ пэкІуэу

Урысей гвардием и Управленэу КъБР-м щыІэм Лицензэ зыт, лэжьэну хуит зыщІ и центрым щІыхуэхэм ягу кьегъэкІыж хабзэм къемызэгъэуу яхьумэ Іэщ1эр, абы ираухьэ щэхэр, къагъауэ Іэмэпсымэхэр щІыхуэхэм къаІахьиным теуха лэжьыгъэм республикэм зэрыщыпищэр.

ХЭХАУЭ гу лъатапхъэщ хабзэншагъэу яхъумэ Іэщ1эр, абы и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэр, щэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр зэрыгъэзыгъуэ, щхьэхуэ къызэрыхуамЫэтынум, езыхэм я щІэхэри хэІущІыпІу зэрамыщІынум.

ПэкІуэ ахъшэр зыхуэдизыр:

КІэрахъуэмрэ револьверымрэ - сом 15 000, автоматым - сом 20000, пулемётым - сом 25000-рэ, ГП-25, ГП-30 гранатэдзым - сом 15000, РПГ-7, 7В, 27 гранатэдзым - сом 17000, РПГ-18, 22, 26, 27 зэ къэгъэсэбэпыгъуэ гранатэдзым - сом 15000, СВД фочым - сом 25000-рэ, кІэрахъуэ-пулемётым - сом 15 000, щакІуэ карабиным - сом 6000, щакІуэ фочым - сом 3000, газкІэ лажьэ кІэрахъуэмрэ револьверымрэ - сом 1000, кІэрахъуэ, револьвер Іэрыщ1ым - сом 5000, ягъауэ Іэмэпсымэ Іэрыщ1ым - сом 500, къагъауэ пкъыгъуэ (тротил, пластид, аммонит, аммонал, нэгъуэщІэри) зы грамМым - сомИ 5, къагъауэ Іэмэпсымэм (ВВ, СВ-хэри хьихьэу) - сом 3000-рэ, къызэрагъауэ Іэмэпсымэм (электродетонатор, капсюль-детонатор, къэзыгъауэхэр - бжыгъэкІэ, мафІэ, электрокъару зэрыкІуэ кІапсэхэр - метр бжыгъэм тещІыхьауэ) - зым сом 200, штатнэ боеприпасым - сом 2000, РПГ-м и шэм - сом 2500-рэ, РПО-А мафІэдзым - сом 10000, гранатэдзым (ВОГ-30, 25, 25П) и шэм - сом 2500-рэ, гранатэм (Ф-1, РГО, РГН, РКГ-3ЕМ, РГ-42) - сом 2000, инженер лагъымым (сапёр лагъым) - сом 1000, шэ къэс - сом 10 хуэзэу.

Урысей гвардием и Управленэу КъБР-м щыІэм хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм ядэлэжьэнымкІэ и къудамэ.

Къуэдыуэ сом мелуан 12-рэ мин 871-рэ

Зэратх Іэмэпсымэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, 2017 гъэм щыщхьэуІум и 4 - 10-хэм къриубыдэу гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэр 22742-рэ къызэпаудащ. Псори зэхэту къуэдыуэ тралъхьащ сом мелуан 12-рэ мин 871-м щІигъу. А махуэхэм къриубыдэу сом мелуани 2-рэ мин 524-рэ, тралъхьан и процент 19,6-р, япшынащ.

КЪУЭДЫР махуэ 60-м къриубыдэу япшын хъунущ. Абы фІагъэкІамэ, Іуэхур суд приставхэм Іэрагъэхьэ.

Административнэ къуэдыр хабзэм игъэува пІалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статьи) къриубыдэу ямыпшынмэ, ар хуэдитІкІэягъэбагъуэ е сыхьэт 50-кІэ цІыхур ягъэлажьэ.

Къуэдыр птелърэ-птемылърэ къыщыпщІэфынущ Урысейм и Къэрал автоинспекцэм и сайтым - www.gibdd.ru, мы телефонхэмкІэ: 8 (8662) 495-551, 495-586,495-565.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Сом мин 600-м щІигъу зыкІэщІиупщІат

Урысей МВД-м и «Аруан» къудамэм и полицейхэм Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм ящІыгъуу къыщІагъэщащ мэкъумэш Іэнатіэм гъэпцІагъэ щалэжьауэ. КФХ-м и Іэтащхьэм зыкІэщІиупщІащ а и Іуэхущ1апІэм зригъэужьыным хухаха сом мин 600.

АРГУДАН къуажэм щыпсэу, илъэс 34-рэ зи ныбжь цІыхубзыр, мэкъумэш-фермер Іуэхущ1апІэм и унафэщІу 2015 гъэм и накъыгъэм хэтащ фермер лэжьыгъэм зезытагъащІэхэм къэралыр ядэІэпыкъуным теухуауэ къащта щІыналъэ программэм икІи сом мин 605-рэ къыІэрыхьащ. Ар тригъэкІуэдэн хуейт фермэр зэтригъэпсыхьыным, лэжьакІуэ къащтэным, Іэщым иригъэшхын къещхэхуным. Арщхьэкіэ, цІыхубзым ахъшэр зэрыхуейуэ кІигъэсэбэпащ.

Урысей МВД-м и «Аруан» къудамэм и Следственнэ Іэнатіэм хьэрычэтыщІэм теухуа уголовнэ Іуэху кІиІэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм зыкъыщыгъэлъэгъуа «ГъэпцІагъэ» щІэпхъаджагъэр илэжьауэ икІи ильэсихьм нэс тезыр тралъхьэнкІэ мэхъу.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Щэнхабзэ

Ягъэлъэгъуэн яІэщ

Ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъхэм я Іэдакъэ къыщІэкІа сурэтхэм я гъэльэгъуэныгъэ екІуэкІынущ.

«ДЭ ДИ хущхъуэгъуэ зыхэльэыр творчествэрщ» зыфІаща проектым и Іыхьэу ныкъуэдыкъуэхэм щхьэкІэ дерс зэІуахэр ирагъэкІуэкІынущ. Ахэр ехьэлІащ сурэт щІыныпрэ Іэпщ1эпащ1эныпрэ. Дерсхэр езыгъэкІуэкІыну Азэмэт Хьэлимэт дыз-зэрыщигъэгъуэзамкІэ, сурэт зэращІ краскхэкІэ, зэрыхадыкІ мастэхэр, Іуданэхэр ипэкІэ къахьэуа грантым къыпэкІуа ахъшэмкІэ къащхэуащ. Абы и фІыгъэкІэ Іэмал ягъуэтащ зэгухьэныгъэм хэтхэм я лэжьыгъэ нэхъыфІхэр ягъэльэгъуэну.

А сурэтхэм ущеплъ, къыщыпщэху хъунущ жармыкІэр фокІадзэм и 1-м екІуэкІынущ, Налшыкрэ ди республикэм и къэралыгъэмрэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ щрикъу махуэхэм ирихьэлІэу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Ди къалащхьэм

Гъэмахуэм Налшык щитепщэгъуэщ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Аруан щІыналъэ

Гъэ еджэгъуэщІэм зыхуагъэхьэзыр

Аруан щІыналъэм и курыт еджапІэхэр гъэ еджэгъуэщІэм хуагъэхьэзыр.

АПХУЭДЭ лэжьыгъэр къызыхуэтыншэу щызэфІагъэкІащ Нарткъалэ дэт курыт еджапІэ №6-м.

ЕджапІэ пэш зыбжанэм хэлъ пластик щхьэгъубжэхэр зэрахъуэкІащ, залышхуэм щІэт унэлъащІэхэр, псыр школым зэрекІуалІэ бжьамийр яхъуэжащ, класс пэшхэу 33-рэ зэрахьащ, уэздыгъэхэмрэ ток кІапсэхэмрэ зэрахъуэкІащ. Лэжьыгъэшхуэ иращІылІащ школ библиотекэм. ЕджапІэм и унафэщІ Мысрокъуэ Марие къызэрыхигъэщамкІэ, унащхьэмкІэ ягу ныкъуащ. Абы щІэх-щІэхьыпхэ къыпхыкІ псыр тхылъ хъумапІэм зэран хуэмыхъуу къанэркъым. Ауэ щыхъукІэ, къэралыр къадэмыІэпыкъуу школым и унащхьэр езыхэм я къаруклэ яхуэзхъуэжыным. Дауэ мыхъуми, школыр адрей псомкІи гъэ еджэгъуэщІэм хуэхьэзырщ. Абы я фІыщІэ хэлъщ еджакІуэхэм я адэ-анэхэм.

ХЬЭСАНЭ Борис.

Редактор нэхъыщхьэм и ящэ къуэдзэ
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ
Редколлегием хэтхэр:
ХьэфЫцІэ Мухьэмэд (редакторищхьэ), Жылаесэ Заурбэч (редакторищхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, НэщІэпыдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.

Езыгъэтхэхэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщІэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хутыныгъэр хъумэныжкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *редактору* **Щоджэн Іэминат**, *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номеры «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ тридзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ●Тираж 3.490 ●Заказ №1038

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур щыщхьэуІум и 19-рщ.